ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№133 (24.883) • 2025 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 6, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

ИнтернеткIэ Iэ тевдзэ

КIуэ пэтми Iэмалыщlэхэр ди гъащIэм нэхъ кууэ къыхохьэ, ар псынщIэ икIи тынш къытщащIу. Мы куаркодыр къэбгъэсэбэпу «Адыгэ псалъэм» Iэ щытебдзэ хъунущ дэнэ щыIыпIэ ущыIэми: Сбер-онлайным уохьэри абы тыбогъапсэ. АдэкIэ ди газетыр къигъэлъэгъуэнурэ кIэщI дыдэу ущигъэгъуэзэнущ икIи къебгъэхьын папщIэ (уи унэм е ппэгъунэгъу поштым) и лъабжьэм деж уи цIэ-унэцIэмрэ хэщIапIэмрэ ибоtхэри, уасэр абдежым щыбот. Дыфщогугъ адыгэбзэкIэ къыдэкI газет закъуэм адэкIи и ныбжьэгъу пэжу фыкъэнэну!

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

Ди зэкъуэтыныгъэрщ ди къарур зыхэлъыр

Дыгъуасэ КъБКъУ-м щекIуэкIащ «Ди зэкъуэтыныгъэрщ ди къарур зыхэлъыр» Кавказ Ищхъэрэ щIалэгъуалэ форумыр. Ар теухуауэ щытащ Урысейм ис лъэпкъхэм Хэкур хъумэным хуащIа хэлъхьэныгъэу къэралым и тхыдэ гъуэгуанэм (Урысей Империем, Совет Союзым, Иджырей Урысейм) къыхэщыжхэм. Форумыр къызэIуахын ипэ къиихуэу Урысей Федерацэм и Президентым и дэIэпыкъуэгъу, Урысей дзэ-тхыдэ обществэм и унафэщI, Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIяпэ секретарь Мединский Владимир, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Чайкэ Юрий, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, КъБКъУ-м и ректорым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Алътуд Юрэ сымэ удз гъэгъахэр тралъхьащ КъБКъУ-м и лэжьакIуэу, студенту Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъым. ХьэщIэхэр еплъащ ди япэ итахэмрэ нобэрей лIыхъужьхэмрэ яхэлъа лIыгъэр уи нэгу къыщIэзыгъэувэ гъэлъэгъуэныгъэм, абы щызэхуэхьэсат зауэм щащыгъа фэилъхьэгъуэхэр, Iэщхэр, арт-объект гъэщIэгъуэнхэр, зыми ямыIэ тхылъхэмрэ сурэтхэмрэ.

ЗЭХУЭСЫР къызэрагъэпэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, КъБР-м и Правительствэм, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм и аппаратым. Абы хэтащ къулыкъущIэхэр, щIэныгъэлIхэр, щIалэгъуалэ жыджэрхэр.

- Нобэ дызыхэт Iуэхур зытеухуар Япэ дунейпсо зауэм, Хэку зауэшхуэм, дзэ Iуэху хэхам кавказ лъэпкъхэр зэрыхэтарщ, абыхэм я лIыгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ къытхуихьа текIуэныгъэхэрщ. ДзэлI IэщIагъэр Кавказ Ищхъэрэм сытым дежи щагъэлъапIэу, Iулыдж щиIэу щытащ. Аращ шуурей дивизэхэр щIиIар, мы щIыпIэр зэи щыщIакъым лIыхъужьхэм, - жиIащ Мединскэм. - Сыт щыгъуи хуэдэу, иджыпстуи зауэ губгъуэм итщ фи щIалэхэр. Дзэ ЩIыхьым и тхыдэм дыщэ хьэрфкIэ хатхащ Кавказым щыщ зауэлI хахуэхэм я цIэхэр. Сэ тхыдэмкIэ зэрырагъаджэ тхылъхэм я редактору сызэрыщытым къыхэкIыу, сригушхуэу жысIэфынущ дяпэкIэ къыдэкIыну тхылъхэм Кавказым и ЛIыхъужьхэм я цIэхэр, сурэтхэр, ятеухуа тхыгъэ кIэщIхэр зэритыр. Мелуан бжыгъэкIэ зэбгрыкIынущ Урысейм и тхыдэ тхылъым и иужьрей Iыхьэу дзэ Iуэху хэхам хэт щIалэхэм я хахуагъэм теухуахэр. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, абыхэм я цIэр зэи кIуэдыжынукъым, къыдэкIуэтей щIэблэми щапхъэ яхуэхъунущ. Мы форумыр къызэзыгъэпэщахэм фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, мыр ди тхыдэ щIэныгъэм тегъэпсыхьам и закъуэкъым, атIэ ди адэжьхэм я лIыгъэр гъуазэ яхуэхъуурэ щIалэгъуалэр нэхъыбэм тригъэгушхуэнущ, пэжагъым, щIыхьым я гур етауэ зэрыщытам щапхъэ трахыну Iэмал яIэнущ.

Чайкэ Юрий къызэхуэсахэм защыхуигъазэм жиIащ тхыдэ фэеплъымрэ пэжымрэ хъумэным сыт щыгъуи мыхьэнэшхуэ зэриIар, ауэ дызыхэпсэукI лъэхъэнэм урысей лъэпкъхэм я псэкупсэ къулеигъэхэр хъумэнымкIэ, хамэхэм къытхуагъэув лъэпощхьэпохэм пэщIэтынымкIэ ар хуабжьу зэрысэбэпыр.

- ЩэкIуэгъуэм и 4-м дэ дгъэлъэпIащ къэрал махуэшхуэхэм я нэхъыщхьэхэм ящыщ ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэр, ар къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ къэралым япэ иригъэщ Iуэхугъуэхэм: лъэпкъ зэгурыIуэныгъэм, мамырыгъэм, Хэкур хъумэным.

Зыуэ щытыным лъабжьэ хуэхъур псоми ди зэхуэдэ тхыдэрщ, аращ лIакъуэхэр зэпызыщIэри урысей цивилизацэм купщIэу хэлъри. Абы ипкъ иткIэ, къэрал къулыкъущIапIэхэм, щIэныгъэлIхэм, IэщIагъэлIхэм, жылагъуэ лэжьакIуэхэм, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я къарур зэхалъхьэу яужь итын хуейщ пэжыр хъума хъуным, нэгъуэщIхэм я еплъыкIэр ди деж щыпхымыгъэкIыным, - жиIащ Чайкэ Юрий. - Псом хуэмыдэу зи гугъу сщIы зэкъуэтыныгъэмрэ пэжыгъэмрэ мыхьэнэшхуэ щиIэщ Кавказ Ищхъэрэм. Тхыдэ гъуэгуанэм уриплъэжмэ, зэман зэхуэмыдэхэм мы щIыналъэм щыпсэухэр зылI и быну зэкъуэуващ къэралым и щхьэхуитыныгъэр хъума хъуным щIэзэуну. Урысей Империем и лъэхъэнэм лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и щапхъэ нэс хъуауэ жыпIэ хъунущ Кавказ тузем шуурей дивизэр, шуурей мини 7 зыхэтар. Абы зэкъуэту щызауэрт пщыхэмрэ бгырыс къызэрыгуэкIхэмрэ, урысхэмрэ абрэджхэмрэ.

Президентым и ЛIыкIуэм къызэрыхигъэщамкIэ, мы гъэм ди къэралым щагъэлъапIэ ТекIуэныгъэ Иным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIахэм ящыщщ Кавказ Ищхъэрэм и къуэ пажэ мелуанхэр. Абыхэм лIыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэу хэтащ лъэсыдзэм, хым тетхэм, танкым исхэм, кхъухьлъатэ зезыхуэхэм ящыщхэр. Кавказ лъэпкъхэм щыщ щэ бжыгъэхэм къыфIащащ Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэхэр.

Абыхэм яхуэфащэ щIэблэщ нобэ дзэ Iуэху хэхам щыIэхэр. Кавказ Ищхъэрэм и зауэлIхэм, абы къэзакъхэри яхэту, ди лъэпкъ пашэ, УФ-м и Президент Путин Владимир и мурадыр къыдащтэри, фронтым Iухьащ. Псалъэм къыдэкIуэу къыхэгъэщыпхъэщ дзэ Iуэху хэхам щыIа сэлэту япэу Урысейм и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр зыхуагъэфэщар Кавказым, Дагъыстэным зэрыщыщыр. Гаджимагомедов Нурмагомед теухуа а унафэр Путиным къыщищтэм жиIар псоми ящIэж: «Апхуэдэ лIыхъужьыгъэм и щапхъэ сэ щыслъагъукIэ, жысIэну сыхуейщ: сэ сылакщ, сыдагъыстэнщ, сышэшэнщ, сыингушщ, сыурысщ, сытэтэрщ, сыжуртщ, сыосетинщ...».

АдэкIэ къыпысщэну сыхуейщ Тэрч къэзакъ дзэм и лIыгъэмкIэ. 2022 гъэм и гъатхэм къызэрагъэпэщри, дзэ Iуэху хэхам ягъэкIуащ «Тэрч» къэзакъ батальоныр. Зы илъэс дэкIри, иджы цIэрыIуэ хъуа, а цIэр зезыхьэ батальоныр къэунэхуащ. «Тэрчым» хэтщ къэралым лъэпкъыу исхэм щыщхэр.

Чайкэ зэрыжиIамкIэ, Кавказ Ищхъэрэм икIуэ дзэ Iуэху хэхам щыIэщ «Ахмат», «Алания», «Каспий» батальонхэр, дяпэкIэ къызэрагъэпэщынущ «Эрзи» батальоныр.

- ЛIэщIыгъуэкIэ узэIэбэкIыжмэ, къэхъуам ещхьу, ди бийхэм къагъэсэбэпыну ягу илъар къэралым исхэр зэпэщIагъэувэнырт. Ауэ ахэр щыуащ! Дэ къэдгъэлъэгъуащ дызэкъуэтмэ, къару мыкIуэщI зэрыдиIэр. Тхыдэм къыхэщыж Iуэхугъуэхэр ди гъуазэу дэ ипэкIэ докIуатэ, ди Хэкур дохъумэ, ди къэралым и зэIузэпэщыныгъэмрэ зыужыныгъэмрэ дыхуолажьэ! Апхуэдэу щытащ, дяпэкIи щытынущ! - дыщIигъуащ и къэпсэлъэныгъэм Чайкэ Юрий.

ЗэIущIэм УФ-м и Президентым и Администрацэм, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм къабгъэдэкI фIыщIэ тхылъхэмкIэ щагъэпэжащ ТекIуэныгъэр илъэс 80 зэрырикъум теухуа дауэдапщэхэр къызэгъэпэщыным, егъэкIуэкIыным хэлIыфIыхьа, къэрал щIэныгъэ-егъэджэныгъэ политикэр гъэзэщIа хъуным, тхыдэ фэеплъхэр хъумэным зи гуащIэ хэзылъхьэ къулыкъущIэхэу, щIэныгъэлIхэу, журналистхэу Къумахуэ Мухьэдин, Назрэн Беслъэн, Жемчуговэ Маргаритэ, Стрекаловэ Еленэ, Судавцов Николай сымэ, нэгъуэщIхэри.

Абыхэм я фIыщIэ тхылъхэр яритыжащ Чайкэ Юрий.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хьэщIэ лъапIэхэм фIыщIэ яхуищIащ мыхьэнэшхуэ зиIэ зэхуэсыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэкIуэкIыну зэрытраухуам, къулыкъу лъагэхэр зыIыгъхэр къызэреблэгъам папщIэ.

«Мыхьэнэшхуэ зиIэ, лъабжьэ куу зыщIэлъ махуэшхуэщ ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэр, - жиIащ КIуэкIуэм. – Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъыбэр хэту Iэтауэ дгъэлъэпIащ. Апхуэдэу ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъум теухуа дауэдапщэхэр идогъэкIуэкI. Ахэр нобэкIэ купщIэ зиIэ Iуэхуу къэнэжыркъым, атIэ къыдэкIуэтей щIэблэм дерс куэд къызыхахын Iуэхугъуэшхуэщ. Хуабжьу фIыщIэ хуэсщIыну сыхуейщ Мединский Владимир тхыдэм хуищI хэлъхьэныгъэм, ди блэкIам и пэжыр хъума хъуным зэрытелажьэм папщIэ. Си щхьэкIэ сыкIэлъоплъ ар зыхэт тхыдэм теухуа нэтынхэм. Щхьэхуэу фIыщIэ хуэсщIыну сыхуейщ Чайкэ Юрий дзэ Iуэху хэхам хэт зауэлIхэм апхуэдэ гулъытэ зэрахуищIым, зэуапIэ губгъуэм мызэ-мытIэу зэрыщыIам папщIэ. Ахэр щапхъэ нэрылъагъущ уи Хэкур фIыуэ плъагъун, абы укъыщхьэщыжын зэрыхуейм кIэ.

Къызэхуэсахэм фIыщIэ яхуищIу, къэрахьэжьа Iуэхум щIалэгъуалэм, КъБКъУ-м щIэс ныбжьыщIэ мин 20-м я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр къыхэщу къэпсэлъащ университетым и ректорым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Алътуд Юрэ.

Зэхуэсыр ягъэдэхащ ди республикэм и творческэ гупхэм. Ар иуха нэужь, IэщIагъэлIхэр Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм хухэхауэ ягъэпса гупхэм щылэжьащ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

ЕхъулIэныгъэхэр яIэу илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын

Сиволобов Владимир Владимир и къуэм - Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкIэ и къулыкъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ Гъунапкъэхъумэ IэнатIэм и ветеранхэм я Урысей советым и щIыналъэ къудамэм и советым и унафэщIым, Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкIэ и къулыкъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ Гъунапкъэхъумэ IэнатIэм и ветеранхэм ядэлэжьэнымкIэ и инструктор нэхъыжьым,

Тхьэщыгъуей Заур Анатолэ и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министерствэм цIыхухэм IэнатIэ яIэнымкIэ и департаментым лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэщыным и Iуэхур зыIутым теухуа къэпщытэныгъэхэмкIэ и программэм епха къудамэм и унафэщIым;

цIэ лъапIэхэр яфIэщын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»

Кочкаров Жэмал Ахъмэт и къуэм - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм Математикэмрэ естественнэ щIэныгъэхэмкIэ и институтым неорганическэ, физическэ химиемкIэ и кафедрэм и профессорым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»

Текуев Аслъэн Лиуан и къуэм - Налшык къалэ округым «Предмет хэхахэр нэхъ кууэ щрагъэдж курыт школ №6» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм и унафэщIым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»

Коротковэ Наталье Николай и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм «Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я творчествэмкIэ уардэунэ» щIэныгъэ гуэдзэ щрагъэгъуэт къэрал бюджет IуэхущIапIэм художественнэ гимнастикэмкIэ и егъэджакIуэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и ухуакIуэ»

КIэдыкIуей Арсен ТIутIэ и къуэм - «Шэджэм гъуэгу зыухуэ-зэзыгъэпэщыж управленэ» жэуап зэхэгъэщхьэхукIа зыхь зэгухьэныгъэм и унафэщIым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2025 гъэм щэкIуэгъуэм и 4-м
№115-УГ

ИкIи яухуэ, икIи зэрагъэпэщыж

«ГъащIэ жыджэр икIи кIыхь» лъэпкъ проектымкIэ, апхуэдэу республикэ бюджетым къыхэкI мылъкукIэ яухуэ, зэрагъэпэщыж медицинэ IуэхущIапIэхэм щекIуэкI лэжьыгъэр зригъэлъэгъуащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

СЫТ и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыж Психиатриемрэ наркологиемкIэ республикэ клиникэ центрым и сабий къудамэр.

Метр зэбгъузэнатIэу 2000-м нэблагъэм тет сымаджэщыр 70 гъэхэм икухэм яухуащ икIи, шэч хэмылъу, къэгъэщIэрэщIэжыныгъэ хуэныкъуэт. Зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр илъэситIкIэ екIуэкIынущ. Мы гъэм а Iуэхум хухахащ сом мелуан 82,5-рэ. Апхуэдэу балигъхэм щеIэзэ къудамэр здэщыIэ етIуанэ къатри зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжыну я мурадщ.

Мы сымаджэщ къалэ цIыкIум щауххуэ Лыщх узыфэхэм щеIэзэ диспансерыщIэ. Абы гъуэлъыпIэ 250-рэ щIэтынущ, махуэ стационар иIэнущ, поликлиникэ, хирургие, радиологие къудамэхэр, нэгъуэщIхэри хэтынущ.

Иджыпсту абы и кIуэцIми и щIыбми лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI, лифт щагъэув, инженер коммуникацэхэр ирашалIэ.

ХьэжыщI кIуэхэм яIущIащ

Мэчэмрэ Мадинэмрэ хьэж цIыкIу щызыщIыну зи мурад цIыхуи 170-рэ Налшык аэропортым дыгъуасэ щежьащ, а щIыпIэм кIуэуэ телъэтыкIа япэ кхъухьлъатэмису. Гъуэгу техьэным ипэ къихуэу абыхэм ящыщ гупым яIущIащ республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

ХЬЭЖЫЩI кIуахэр Налшык аэропортым къыщетIысэхыжынущ, тхьэмахуитI дэкIмэ. Ахэр гъуэгу махуэ техьэну ехъуэхъуащ республикэм и УнафэщIыр.

Кувейт - Налшык - Кувейт пэщIэдзэ рейсыр ягъэзащIэ кхъухьлъатэщIэхэмкIэ.

ЯпэщIыкIэ кхъухьлъатэхэр тхьэмахуитIым зэ а щIыпIэм кIуэнущ. ИужькIэ ахэр нэхъ щIэх-щIэхыурэ зекIуэу зэтраублэну я мурадщ.

Гъуэгухэр зэIузэпэщ ящI

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек «ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» проектым ипкъ иткIэ, Налшык къекIуалIэ гъуэгухэр зыхуей зэрыхуагъазэ щIыкIэр зригъэлъэгъуащ.

«ДЫЗЭРЫТ илъэсым зэлэжьыну гъуэгухэм хеубыдэ Балкарская, Каменская, Къэрэщейм и цIэр зезыхьэ, КIыщокъуэм и цIэр зезыхьэ, Нэгумэм и цIэр зезыхьэ, Щорс и цIэр зезыхьэ уэрамхэр. Псори зэхэту, зэIузэпэщ ящIыну гъуэгухэм километри 10 я кIыхьагъщ, - иритхащ КIуэкIуэ Казбек и интернет напэкIуэцIым. - Гъуэгум и щIыIум телъ асфальтым и закъуэкъым зэрахъуэкIыр, Iэмал зэриIэкIэ, ар нэхъ бгъуэ ящI, и лъабжьэм псы зекIуапIэхэр щыкIуэцIраш, къэбгъэсэбэп мыхъужыну инженер Iэмэпсымэхэр зэрахъуэкI, къедза щIыпIэхэмрэ лъэс зекIуапIэхэмрэ зэрыщытыпхъэ мардэм хуагъакIуэ. Абдеж дыдэм уэздыгъэхэр трагъэувэ, нэхурыгъуазэхэр, гъуэгу дамыгъэхэр, лъэс зэпрыкIыпIэхэр зыхуей хуагъазэ, гъуэгубгъухэр къахухь».

ШыгъэжапIэм нэхъри зрагъэужьынущ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ мэкъумэш хозяйствэм адэкIи зегъэужьынымрэ а IэнатIэм инвестицэ проектхэр щыгъэзэщIэнымрэ зэрекIуэкIым щытепсэлъыхьа зэIущIэ.

НЭХЪЫЩХЬЭУ зи гугъу ящIахэм ящыщщ Налшык шыгъэжапIэм адэкIи зегъэужьыным пыщIа Iуэхухэри.

ШыгъэжапIэр иужьрей илъэсхэм хъуащ шы-спорт зэхьэзэхуэ инхэр, урысейпсо, дунейпсо шыгъажэхэр щрагъэкIуэкI щIыпIэ.

Республикэм и Iэтащхьэм зэIущIэм хэтхэм ягу къигъэкIыжащ Налшык шыгъэжапIэм и тхыдэр 1931 гъэм къызэрежьар - КъБАО-м и облисполкомым и Президиумым и зэIущIэм къыщащта унафэр и лъабжьэу къалэм ипподром ухуэн щыщIадзауэ щытащ. Ухуэныгъэр 1939 гъэм ятащ, иджырей унэр 1951-м ящIауэ щытащ.

Урысейм и Президентым 2011 гъэм къыдигъэкIа Указым ипкъ иткIэ къызэрагъэпэщащ «Урысей ипподромхэр» акционер зэгухьэныгъэр, Налшык шыгъэжапIэри яхэту абы хохьэ къэралым щыIэ ипподром 28-рэ.

Мы зэманым абы мыхьэнэшхуэ зэриIэр къалъытауэ, шыгъэжапIэм и инфраструктурэм адэкIи зегъэужьын, шы спортымкIэ зэхьэзэхуэхэр, къэпщытэныгъэхэр щрагъэкIуэкIыну иджырей ухуэныгъэхэр щIын зэрыхуейм зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ.

Ныбжьэгъугъэр щагъэлъапIэ зэхыхьэхэр

Урысейм ис лъэпкъхэр зэгурыIуэу, зэрылъытэу зэрыпсэум и нэщэнэщ Зэкъуэтыныгъэм и махуэр. Илъэс къэс къэралым абы Iуэхугъуэ куэд щращIэкI, къулыкъущIэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, щIалэгъуалэр зэгъусэу хэту.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрми мы махуэхэм зэхыхьэрэ пшыхь гукъинэжу щрагъэкIуэкIар куэд мэхъу, дэтхэнэри цIыхубэ зэкъуэтыныгъэм хуэгъэпсауэ. Апхуэдэу, Налшык къалэм ЩIалэгъуалэм я унэм щызэхэтащ «Дызэкъуэтщ, зыри къытпэлъэщынукъым» зыфIаща пшыхьыр. Хэкур фIыуэ лъагъуным и мыхьэнэм теухуа зэхыхьэр Урысей Федерацэм и къэрал гимнымкIэ къызэIуахащ. Къызэхуэсахэм хъуэхъукIэ защыхуигъазэм, КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Лу Азэмэт къыхигъэщащ къэралыр зэрыIыгъыным, дэтхэнэ лъэпкъри адрейм и хабзэм пщIэ хуищIу къэгъуэгурыкIуэным, гугъуехьхэм зэгъусэу пхыкIыным я мыхьэнэр махуэшхуэм дигу къызэригъэкIыжыр. «ГъэунэхуныгъэщIэхэм дыщыхэт мы зэманым цIыхубэр зэкъуачыныр я нэрыгъщ куэдым. Зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым - къэралыр зыгъэлъэщыр зэкъуэтыныгъэрщ. Ди щхьэхуитыныгъэмрэ щэнхабзэ щIэинхэмрэ зыхъумэри аращ. АбыкIэ куэдкIэ дызыщыгугъщ ди щIэблэр, абы къыпэщылъщ жэуаплыныгъэ зыпылъ лэжьыгъэшхуэ - ди адэжьхэм уэсят къытхуащIар яхъумэну, ягъэбэгъуэну. Мы махуэр Хэку лъагъуныгъэм и дамыгъэщи, Iуэхуфlхэм я щIэдзапIэ ирехъу», - жиIащ Азэмэт.

КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкlэ, жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Текуев Амырбий къыщыпсалъэм къыхигъэщащ: «Урысейм и мащIэкъым зэкъуэтыныгъэм текIуэныгъэ куэд къыщыхуихьа тхыдэ напэкIуэцIхэр. Нобэ аргуэру щыхьэт дытехъуащ дызэрыIыгъмэ дызэрырамыгъэкIуэтыфынум. СыткIэ дыкъулей жыпIэмэ - ар лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэду дызэрызэхэсырщ, ди къарур сыт зыхэлъыр жыпIэмэ - а псори дызэрызэгурыIуэрщ».

Пшыхьыр гукъинэж зыщI куэдкIэ гъэнщIат, лъэпкъ хабзэхэри щэнхабзэри щызэхэуухуэнауэ. Утыкум зыкъыщагъэлъэгъуащ республикэм и артист пажэхэмрэ къэфакIуэ гупхэмрэ.

«Урысейр - ар дэращ»

А фIэщыгъэ дахэм щIэту, Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я творчествэмкIэ уардэунэм щекIуэкIа гуфIэгъуэ зэхыхьэри Зэкъуэтыныгъэм и махуэм траухуат. Махуэшхуэм и мыхьэнэм къызэхуэсахэм яхутепсэлъыхьащ IуэхущIапIэм и унафэщI КIэрашэ Аксанэрэ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэкупсэ гъэсэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэ Iуэхухэмрэ ветеранхэм защIэгъэкъуэнымкIэ и комиссэм и унафэщI Абэнокъуэ Владимиррэ. Зэхыхьэм щагъэлъэпIащ «Фэеплъыр зэманым нэхърэ нэхъ лъэщщ» урысейпсо хэкупсэ зэхьэзэхуэм хэтахэр. Ар иригъэкIуэкIат ветеранхэм я «Боевое братство» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм. НыбжьыщIэхэм къафэмкIэ, уэрэд жыIэнымкIэ яIэ зэфIэкIыр а махуэм ягъэлъэгъуащ, ди къэралым и щэнхабзэ къулейм щыхьэт иритехъуэу. ЦIыхухэр зэзышалIэ, Хэку лъагъуныгъэр къэзыгъэуш IэмалхэмкIэ гъэнщIащ гъуазджэр. А гупсысэм ухуеша зэхыхьэм щагъэлъэгъуам.

Махуэшхуэм дызэрешалIэ

Урысейм и федеральнэ округ зыбжанэм я къалащхьэхэм усэ марафонхэр щекIуэкIащ, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я усакIуэхэр зэхуашэсауэ. Пятигорск дэт библиотекэ нэхъыщхьэм къыщызэрагъэпэща апхуэдэ Iуэхум хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и усакIуэ, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къаныкъуэ Заринэ. Зэкъуэтыныгъэм и махуэм и щIыхькIэ, усэхэм къыщеджащ Дон Iус Ростов, Новгород Ищхъэрэ, Новосибирск, Екатеринбург, Владивосток, Санкт-Петербург.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и электроэнергетикэм 2023 - 2027 гъэхэм ятещIыхьауэ зегъэужьынымкIэ схемэмрэ программэмрэ къэщтэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2022 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м къыдигъэкIа Указ №48-УГ-м къару имыIэжу къэлъытэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къару имыIэжу къэлъытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и электроэнергетикэм 2022 - 2027 гъэхэм ятещIыхьауэ зегъэужьынымкIэ схемэмрэ программэмрэ къэщтэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2022 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м къыдигъэкIа Указ №48-УГ-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2025 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м
№113-УГ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмкIэ и рынокым и щIыналъэ къыхэщхьэхукIыныгъэхэр къэзыгъэлъагъуэ коэффициентыр 2026 гъэм тещIыхьауэ гъэувыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмкIэ и рынокым и щIыналъэ къыхэщхьэхукIыныгъэхэр къэзыгъэлъагъуэ коэффициентыр 2026 гъэм тещIыхьауэ гъэувыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.
2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын, Iэ щIидзын икIи хэIущIыIу ищIын папщIэ.
3. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2025 гъэм жэпуэгъуэм и 21-м
№205-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмкIэ и рынокым и щIыналъэ къыхэщхьэхукIыныгъэхэр къэзыгъэлъагъуэ коэффициентыр 2026 гъэм тещIыхьауэ гъэувыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщтащ 2025 гъэм жэпуэгъуэм и 21-м

1 статья. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмкIэ и рынокым и щIыналъэ къыхэщхьэхукIыныгъэхэр къэзыгъэлъагъуэ коэффициентыр 2026 гъэм зыхуэдизыр

Урысей Федерацэм и Налог кодексым и 227/1-нэ статьям и 3-нэ пунктым тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмкIэ и рынокым и щIыналъэ къыхэщхьэхукIыныгъэхэр къэзыгъэлъагъуэ коэффициентыр 2026 гъэм тещIыхьауэ 3,3-рэ хъуууэ гъэувын.

2 статья. Мы Законым къару щигъуэтыр

Мы Законым 2026 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ, ауэ официальнэу къыщытрадза махуэм къыщыщIэдзауэ зы мазэ нэхърэ мынэхъ мащIэ дэкIауэ икIи цIыхухэм я хэхъуэхэмкIэ налогым тещIыхьа зи чэзу налог лъэхъэнэм щыщIидзэ япэ махуэм нэхърэ мынэхъ пасэу къару егъуэт.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2025 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м
№36-РЗ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

А Iуэхум хэтахэр къеджащ Урысейм теухуауэ езыхэм я Iэдакъэ къыщIэкIахэми нэгъуэщIхэм ятхахэми. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, ди къэралышхуэм щыпсэухэм къагъэлъэгъуэну хуеящ Хэкум хуаIэ лъагъуныгъэр, абы и гурыгъу-гурыщIэхэр зэрызэдагуэшыр, махуэшхуэр зэрызэдаIыгъыр.

- Зэкъуэтыныгъэм и махуэм Урысейм и щIыналъэ зэхуэмыдэхэм я усакIуэхэр ди лъэпкъыбзэхэмкIэ усэхэм дыкъоджэ, ди Iэдакъэ щIэкIхэм къэралышхуэр къызэщIедгъэубыдэу. ФIыуэ тлъагъу, сыт щыгъуи зытедгъэзэжыну тфIэфI щIыналъэхэм ящыщ Пятигорск усакIуэхэр мызыгъуэгукIэ дызэришэлIащ», - жеIэ Къаныкъуэм.

Ныбжьэгъугъэр щагъэлъапIэ зэхыхьэхэр

Бгыхэмрэ псыхъуэхэмрэ я лъахэм

Зэкъуэтыныгъэм и махуэм и щIыхькIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и район псоми щэнхабзэ, егъэджэныгъэ Iуэху щекIуэкIащ, лъэпкъ зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэным, щэнхабзэ щIэинхэр хъумэным, щIэблэр хэкупсэу къэгъэхъуным теухуауэ. Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр зыгъэбыдэ зэхыхьэхэм хэтыну жыыми щIэми Iэмал яIащ.

Бахъсэн районым къыщызэрагъэпэща гуфIэгъуэ Iуэхухэм я курыхыу щытар япэу шыгъэджэгу зэпеуэр къызэрызэрагъэпэщарщ. IэкIуэлъакIуагъэрэ хахуагъэрэ къэзыгъэнаIуэ мы зэхьэзэхуэм хэтын папщIэ, Урысей Федерацэм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIа хьэщIэхэри щыIэт. Абы, шэч хэмылъу, а Iуэхум и мыхьэнэр зэрыиныр къигъэлъэгъуащ.

Бахъсэн районым и Тхыдэлъахэхутэ музейм и лэжьакIуэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ зэгъусэу щыIащ Прохладнэ къалэм дэт музейм. НыбжьыщIэхэм зыщагъэгъуэзащ тхыдэм, лъэпкъ щэнхабзэм, Урысейм и цIыхубэр зэрызэрыIыгъым и дамыгъэу Зэкъуэтыныгъэм и махуэр зэрагъэувам, абы лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр зэрырегъэфIакIуэм.

Дыгулыбгъуей къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм щекIуэкIащ «Дызэкъуэтщ» зыфIаща пшыхь дахэр. Бахъсэн къалэ библиотекэм къызэригъэпэщащ тхыдэм теухуа «Дызэщхьэкъым, ауэ ди Хэкур зыщ», «Къэрал лъэщым и цIыху цIэрыIуэхэр» зэхыхьэхэр.

«Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэм и къудамэм и жэрдэмкIэ, Бахъсэн къалэм и щIыпIэ администрацэм щекIуэкIащ «Дэ Урысейм дрицIыхущ» Iуэхур. ЕджэнымкIэ, спортымкIэ ехъулIэныгъэ зиIэ щIалэгъуалэ 54-м я паспортхэр абдеж щратащ. НыбжьыщIэ 56-рэ хэтащ Сабий творчествэмкIэ IуэхущIапIэм къызэригъэпэща шахмат зэпеуэми.

Тэрч районми гуфIэгъуэ зэхыхьэ гукъинэжхэр щрагъэкIуэкIащ Зэкъуэтыныгъэм и махуэм теухуауэ. Абыхэм къызэщIрагъэубыдащ пшыхьхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, спорт зэпеуэхэр. ЩэнхабзэмкIэ унэм щызэхэтащ «Тэрч - зэныбжьэгъугъэм и псыежэх» район зэхыхьэшхуэр. Сабийхэр щагъэгъуэзащ махуэшхуэм и тхыдэм, ар щIагъэлъапIэм, и мыхьэнэм, Хэкум папщIэ лIыхъужьыгъэ зезыхьа ди адэжьхэм я блэкIам, хабзэхэм. Лъэпкъхэр зэкъуэтын, зэгурыIуэн зэрыхуейр зыщамыгъэгъупщэну щIалэгъуалэм еущиящ.

Апхуэдэ гупсысэхэр и лъабжьэу, Дзэлыкъуэкъуажи щызэхэтащ «Лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэ» зэхыхьэр. Абы зэхуишэсат Кавказ Ищхъэрэм и щэнхабзэ къулейм дихьэххэр.

Зэкъуэтыныгъэм и махуэм траухуат IуащхьэмахуэщIыналъэм и Лъахэхутэ музейм щекIуэкIа «Музейхэм я жэщ-2025» урысейпсо Iуэхури. Псори дэзыхьэх Iуащхьэмахуэ лъапэ и щIыуэпсым, Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм цIыхухэм къалъыкъуэкIа лIыгъэм, Тырныаузрэ вольфрам-молибден къыщIэхыпIэмрэ я тхыдэм зыщагъэгъуэзэну цIыху куэд абы екIуэлIащ. ЩIэщыгъуэ хъуащ сурэтыщIхэм «Бгыхэмрэ псыхъуэхэмрэ я лъахэм» зыфIаща гъэлъэгъуэныгъэр.

НэгъуэщI зы Iуэху гъэщIэгъуэни, Налшык администрацэм ЩIалэгъуалэ политикэмкIэ и управленэм къызэригъэпэщауэ, екIуэкIащ мы махуэшхуэм ирихьэлIэу. «Къэбэрдей-Балъкъэрыр ди зэхуэдэ унэщ» щIалэгъуалэ зэхыхьэм зыкъыщагъэлъэгъуэну къытхуеблэгъат Чувашием къикIа гуп.

«ИкъукIэ дыгуфIат ди лъахэгъуухэр Налшык къакIуэу щызэхэтхам. Дэ абыхэм даIущIащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым я лъэпкъ шхыныгъуэхэр едгъэцIыхуащ, дызэдэуэршэращ. Абыхэм къыджаIащ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэр ягу зэрырихьар, и щIыуэпсымрэ мыбдеж щыпсэухэм я цIыхуфIагъымрэ зэратхьэкъуар. Щыгъуазэ дызэращIамкIэ, мыр етIуанэу ахэр республикэм къокIуэ, Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIащ, иджы Налшык нэхъыфIу зрагъэлъэгъуащ. Шэч хэлъкъым, мы Iуэхум и фIыгъэкIэ ди зэпыщIэныгъэми зэныбжьэгъугъэми зэрызиубгъунум», - жеIэ Чувашием къиIэпхъукIауэ ди щIыналъэм щыпсэу Мизинэ Ларисэ.

Нэхъыжьым къызэрыхигъэщауэ, Зэкъуэтыныгъэм и махуэм лъэпкъхэр зэрегъэцIыху, зэрешалIэ, жыпIэнурамэ, цIыхубэр зэкъуегъэувэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

ЛIыхъужьхэм я фэеплъу

Налшык щекIуэкIащ футбол джэгу цIыкIумкIэ «Память хранят живые» зи фIэщыгъэ щIыналъэ зэпеуэр. Ар Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм я щIыхькIэ, СВО-м кIуэуэ къэзымыгъэзэжахэм я фэеплъу ирагъэкIуэкIащ. Iуэхум и къызэгъэпэщакIуэщ КъБР-м и КСВО-р, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щIыналъэ къудамэм Аруан районым щыIэ и IуэхущIапIэр, «Молодая гвардия» зэгухьэныгъэм Аруан районым щиIэ къудамэр, «Нальчик» футбол школыр.

ЗЭПЕУЭР Налшык щыIэ футбол стадионым къыщыщызэIуахым абы хэтащ жылагъуэ, дин лэжьакIуэхэр, къулыкъущIэхэр, журналистхэр. ХьэщIэ лъапIэу кърагъэблэгъащ «Боевое братство» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и унафэщI Абэнокъуэ Владимир, Республикэм ис муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ Сыжажэ Алим, Налшык округым и благочиннэ Бобылев Валентин, КъБР-м и дзэ комиссарым и къуэдзэ Будаков Антон, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым ПедагогикэмкIэ, психологиемкIэ, физкультурэмрэ спортымкIэ и институтым и доцент Тхьэзэплъ Аниуар, СВО-м и ветеран Бозиев Магомед.

Футбол зэпеуэр къызэIуахащ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я гимнхэмкIэ.

- Нобэ дыкъыщIызэхуэса Iуэхугъуэр зэпеуэ къудейкъым. Хэкум, мамырыгъэм, ди щIэблэм я къэкIуэнум папщIэ зи псэр зытахэм я фэеплъщ мыр. ЛIыхъужьу хэкIуэдахэм папщIэ ди щхьэр догъэщхъ, - жиIащ КСВО-м и республикэ къудамэм и унафэщI Алимовэ Аллэ.

Зэпеуэр къызэIуаха нэужь, ди республикэм щыщу СВО-м хэкIуэдахэм я унагъуэхэм фIыщIэ тхылъхэр иратащ.

Зэхьэзэхуэм хэтащ «Нальчик» футбол школым и гупитI, Черкесск къикIа «Нарт», Псыхуабэ щыщ «Юниор», Владикавказ и «Юность», Налшык и «Спартак» футбол командэхэр.

Зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ «Юниор»-м. ЕтIуанэ хъуащ Налшык и «Спартак»-р, Черкесск къалэм къикIа «Нарт»-р ещанэщ. Гъуащхьэтет нэхъыфIу къалъытащ «Юниор»-м хэт Страдин Василий. Гъуащхьэхъумэ нэхъыфIу и цIэр кърaIуащ «Юность» гупым щыджэгу Тедеев Эдуард. Гъуащхьэхъумэныкъуэ нэхъыфIу зыкъигъэлъэгъуащ «Налшык» футбол школым хэт Хъуран Астемыр. Гъуащхьауэхэм къыхагъэщхьэхукIащ «Спартак»-м щыджэгу Мэрзалы Къантемыр. «Нарт»-м щыджэгу Каппушев Ратмир зэпеуэм къриубыдэу нэхъыбэ дыдэрэ топыр дигъэкIащ хьэрхуэрэгъум и гъуэм. Зэпеуэм и джэгуакIуэ нэхъыфI фIащащ «Юниор»-м щыщ Арустамов Арэн.

ДЖЭДГУЭШ Оксанэ.

Лъэпкъым и тхыди щэнхабзи зыхъумэ

● ЦIыху зэчиифIэхэр

Интернетым ВАТСАП-кIэ зэджэ и Iэмалым и фIыгъэкIэ сызыхыхьа гуп гъэщIэгъуэнхэм ящыщщ «Ди бзэ, ди псэ» жыхуиIэр. Иорданием щыпсэу ди лъэпкъэгъу, а къэралым IэщэкIэ зэщIэуэзда и дзэхэм я генерал, и ныбжьыр щынэсым тIысыжа Дыгъужьокъуэ Мухьэмэд зэхиша «дзей» щхьэпэм и фIыщIэкIэ дызэрыцIыхуащ иджыблагъэ телефонкIэ зыкъыспызыщIа, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Дзэлыкъуэ щIыналъэм хыхьэ Шордакъ къуажэм дэт курыт еджапIэм урысыбзэмрэ литературэмкIэ щезыгъаджэ Къардэн Анжелэрэ сэрэ.

ГЪЭСАКIУЭ бзылъхугъэм къытхуиIуэтахэм ящыщщ адэкIэ щыгъуазэ фызыхуэтщIынур.

- Аргудан къуажэм дэт курыт еджапIэ №1-м и унафэщI Хьэлышх Маритэрэ сэрэ, къыдэгъэщIылIа ныбжьыщIэ цIыкIуэхэр ди гъусэу, дыщыIащ Бахъсэн районым хыхьэ Баксанёнок (Къэсейхьэблэ) къуажэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм гъуазджэмкIэ и унафэщIу илъэс 40-м щIигъуауэ лажьэ Щхьэгъум Борис и унагъуэм хьэпшыпыжьхэр щызэхуихьэсыжу къызэригъэпэща музейм, - щыжеIэ и пэублэ псалъэм Къардэным.

Щыгъуазэ дызэрыхуэхъуамкIэ, Щхьэгъум Борис и ехъулIэныгъэхэр жыжьэ къыщожьэ. ЗэрызэкIэлъыкIуэу къэдгъэлъэгъуэнщи, ар 1969 гъэм Налшык щекIуэкIа телефестивалым и дипломантщ, 1974 гъэм республикэм къыщызэрагъэпэщауэ щыта «Мамырыгъэмрэ лэжьыгъэмрэ» уэрэд зэпеуэм и лауреатщ.

Челябинск областым хыхьэ Миасс къалэм 1976 гъэм цIыхубэ уэрэдхэр жыIэнымкIэ зэхьэзэхуэ щекIуэкIати, Челябинск дэт дзэ гарнизоным уэрэдхэмрэ къафэмкIэ и ансамблыр дэщIыгъуу, Борис а зэпеуэм зэрыщытекIуам папщIэ «За отличие в службе» медалым и япэ нагъыщэр кърatащ, лауреат цIэри къыфIащащ. Абы къыкIэлъыкIуащ Щхьэгъумыр, увыпIэ хъарзынэхэр щызыIэригъэхьэу, 1977 гъэм «Iуащхьэмахуэ щыгу щыIу уэрэдхэр» телефестивалми 1983 гъэм Владикавказ (Орджоникидзе) щекIуэкIа IуэрыIуатэ зэпеуэми зэрыхэтар.

- Куэд мэхъу Борис и ехъулIэныгъэхэр, ауэ а псом нэхърэ нэхъыщхьэжу езым къилъытэр музейм щIэлъыпхъэ хьэпшыпхэр илъэс куэдкIэ зэрызэхуихьэсарщ. Iэмэпсымэ зэмыщхьу, илъэсищэ ипэкIэ зэрахьауэ щытауэ щитIым щIигъум уащыхэплъэкIэ, уи нэгум къыщIэмыхьэн плъэкIыркъым блэкIа зэманым и щыхьэтхэр, - къыпещэ и псалъэм Анжелэ.

ЕгъэджакIуэм зэрыжиIэмкIэ, Iыхьлыхэм я фэеплъу илъэс Iэджэ хъуауэ зэрахьэ хьэпшыпхэр Борис къыхуэзыхь и къуажэгъухэр щогугъ абыхэм яхуэфащэ пщIэ жылэм и музейм щагъуэтыну. Дэтхэнэ Iэмэпсымэми Iэпслъэпсми, зэрыжаIэу, Борис егъэлеяуэ щогуфIыкI икIи фIыщIэшхуэ яхуещI фэеплъхэр зигу пыкIыу къыхуэзыхьа псоми.

Япэ дыдэу «тхыдэщым» тыгъэ хуэзыщIар Ерыджокъуэ Амырбийщ. Адэм и фэеплъ адыгэ къамэм музейм хуэфащэ увыпIэ щиубыдащ. Зи ахърэтыр дахэ хъун Шырыт Мышонэ и ныбжьыр илъэс блыщIым щIигъуат жаIэ, Борис и музейм тыгъэ хьэлэмэтхэр щыхуищIам. АтIэми, умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым Мышонэ зэман куэдкIэ зэрихьа Iэмэпсымэхэр.

Щхьэгъум Борис и музейм хьэпшып хьэлэмэт къезыхьэлIахэм ящыщщ Шакъ Iэдэм, Бэрэздж Заурбий, Бэрэздж Хьэдис, Хьэмдэхъу Хьэсанш, Зэрэкъуш Хьэмидбий, Гъут Зулъкъарней, Нартокъуэ Мурат, Щхьэгъум Хьэсэн, Цагъэ Музэчыр, Бахъсэн къалэм щыпсэу Алокъуэ Исуф, Ерыджокъуэ Мухьэмэд, Балэ Лидэ сымэ. Уэзы Хьэсанэ къихьа щыгъэм къежьапIэ хуэхъуауэ хуагъэфащэр домбеякъ лIэщIыгъуэрщ.

- Борис зэрыжиIэмкIэ, - къыпещэ Анжелэ, - къызытехъукIа и нэхъыжьхэм ябгъэдэтым хуэдэу къыщохъу, музейм щызэхуихьэс хьэпшыпыжьхэм щаIуплъэкIэ. Абы, ди тхыдэм и фэеплъхэм хуэфащэ увыIэпIэ яригъэгъуэту, ахэр къуажэ щIэблэм къахуигъэнэнри и хъуэпсапIэщ. Дауи, зэрыгурыIуэгъуэщи, мурад дахэ зыщIа, зигури зи псэри къуажэм дэлъ дахагъэр хъумэным телажьэу псэу Борис зыхущIэкъур къехъулIэмэ, жылэм дежкIи пщIэшхуэщ.

Мы тхыгъэм сытегушхуэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу къысхуэхъуа Къардэн Анжелэ, и гъэсэн цIыкIухэр и гъусэу, Къэсейхьэблэ зэрырагъэблэгъа щIыкIэм къысхутепсэлъыхьыну сыщелъэIум, жиIащ:

- НэхъыжьыфIым къызэригъэпэща музейм хуей дэтхэнэри щIыхьэфынущ. Илъэс 27-рэ хъуауэ щызэхуихьэс хьэпшыпыжьхэр, гу зэрылъыттащи, ди лъэпкъым и блэкIа жыжьэм къыхэбэкъукIам хуэдэщ, апхуэдизу ахэр телъыджащэщи! Алъандэрэ сызэрыщыгъуазэ щымыIэу, гъэщIэгъуэн дыдэ сщыхъуахэм ящыщщ адыгэхэм щIым телэжьыхьыным, Iэщ зехуэным, шы лъэпкъыфI къэгъэхъуным апхуэдиз гулъытэ хуащIу зэрыщытар. Ар долъагъу Борис зэхуихьэсыжа Iэпслъэпсыжьхэм дащыбгъэдыхьэкIэ. Езы тхьэмадэри апхуэдизу гъэхуарэ дахэу а псом топсэлъыхьыжри, Къэсейхьэблэ здэтшахэри зэхахым дихьэхыщарэ тедымауэ едаIуэрт. Си щхьэкIэ къысщыхъужащ Щхьэгъумым зи гугъу ищI лъэхъэнэ жыжьэхэм сакъыхэхутауэ.

- Аргудани Шордакъи икIахэр Къэсейхьэблэ фыщыдыхьэм, япэщIыкIэ фыздрагъэблэгъар дэнэ? - жытIэу дыщеупщIым, Анжелэ жиIащ:

- ПэщIэдзэ лъэбакъуэу дэ дашащ илъэс куэд щIауэ езы Борис щылажьэ, а къуажэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм. Жылэдэсхэр зыщIэса пэшышхуэм дыщызэпсэлъащ, зыр адрейм дехъуэхъуащ, ныбжьыщIэхэр тхьэмадэм и Iэдакъэ къыщIэкIа усэхэм, Iуэтэжкъ кIэщIхэм, псалъэгъэнахуэхэм къеджащ. Иужьым дэ псори Щхьэгъум Борис и лъапсэм драгъэблагъэри, адыгэ шхыныгъуэхэмкIэ яузэда Iэнэ зыкъизыхым дыбгъэдашащ. Абдежым ини цIыкIуи зыгъэгушхуэ хъуэхъу дахэхэр щызэхыдагъэхащ. Музейм дыщIыхьэри, щIэлъ хьэпшыпхэм езы Борис къытхутепсэлъыхьыжу дабгъэдэтащ. КъыхэзгъэщынутI тхьэмадэр цIыкIухэм зэрепсалъэ бзэ гъэхуамрэ зэрызахуигъазэ щIыкIэр зыхуэдэмрэ зэрызгъэщIэгъуар. Абы и псэлъэкIэм сабийхэр дихьэхауэ къэкIуэжащ. Апхуэдэ си щхьэкIэ япэу сыхуэзэу аращ.

Уэрэдыр зи Iэпэгъу, макъ жьгъыру лъагэмкIэ цIыхубэр зыгъэгушхуэ, пшынауэ Iэзэ, и макъамэ дахэхэмкIэ лъэпкъым яхуэупсэ уэрэджыIакIуэ, IуэрыIуэдз, гушыIэ дахэр зи Iэпэгъу, «Адыгэ (Шэрджэс) щэнхабзэм и дунейпсо фестиваль» зыфIаща зэпеуэм 2013, 2020 гъэхэм япэ увыпIэр къыщызыхьа «Кавказ» цIыхубэ уэрэджыIакIуэ гупым хэт, «Лазурная волна - Сочи-2019» зэхьэзэхуэм и закъуэу уэрэд щыжыIэнымкIэ дыщэ медаль къыщызыхьа Щхьэгъум Борис Мухьэжид и къуэр гъуазджэм зэрыхуэлажьэрэ илъэс 50-м щIигъуащ. Бахъсэн районым дежкIэ ар ехъулIэныгъэшхуэщ. Борис и макъ лъагэр ишэщIу утыкум щиткIэ, гур щIалэгъуэм хешэ, псэр зыIэпешэ, гухэлъыр гущIэм щотIэпI.

Борис и гугъапIэ лъагэхэм и Iэр техуащ, ди гъунэгъу республикэхэми, Урысейм и къалэшхуэ куэдми, дунейпсо зэпеуэхэми япэ увыпIэхэр къыщихьащ, дыщэ медалхэри кърaтащ, «КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэри къыхуагъэфэщащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Дунейм щыхъыбархэр

ЗэхущытыкIэфIхэр яIэщ

КНДР-м Урысейм къегъакIуэ дзэм къулыкъу щызыщIэ зауэлIхэр. Абыхэм дзэ Iуэху хэхар здэщыIа щIыпIэхэм ухуэныгъэхэр щызэфIагъэувэжынущ.

ИНЖЕНЕРЫДЗЭМ и сэлэт мини 5-м нэблагъэм ягъэзэщIэнущ зэтракъута унэхэр зыхуей хуэгъэзэжыным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр. Абы къищынэмыщIауэ, зауэлI миным щIыпIэм лагъымхэр къыщыщIахыжынущ.

Урысей Федерацэмрэ КНДР-мрэ гъунэгъу зэхущытыкIэфIхэр зэхуаIэщ. НэхъапэкIэ Урысеймрэ Корее Ищхъэрэмрэ хамэ къэрал IуэхухэмкIэ я министрхэу Лавров Сергейрэ Цой Сон Хирэ лъэныкъуитIым яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэм зэрызрагъэужьынум тепсэлъыхьащ, зэрызэдэлэжьэну яубзыхуа унэтIыныгъэхэмкIэ хэкIыпIэхэр наIуэ къащIащ. Апхуэдэу КНДР-м и щхьэхуитыныгъэр ихъумэжынымкIэ, къэралым и шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ унафэщIхэм ирагъэкIуэкI Iуэхухэр сытым дежи Урысейм зэрыдиIыгъынур щыжаIащ а зэIущIэм.

ПсэупIэкIэ къызэрагъэпэщ

Ныкъуэдыкъуэхэр, зи узыншагъэм сэкъат иIэ сабийхэр щапI унагъуэхэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыным мы илъэсым иджыри сом мелуан 433,1-рэ хухахынущ. Унафэм Iэ щIидзащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил.

Апхуэдэ мылъкур хуаутIыпщынущ къэралым и хэгъэгу 15-м - Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс, Мордовие, Якутие, Тыва, Шэшэн республикэхэм, Алтай крайм, Кострома, Курган, Новгород, Рязань, Самарэ, Свердловск, Тверь щIыналъэхэм, Еврей автоном областым.

Зи узыншагъэм сэкъат иIэ цIыху 60 псэупIэщIэкIэ къызэрагъэпэщыфынущ а Iуэхум нэхъапэкIэ хухахауэ щыта ахъшэм зэрыщIагъужам и фIыгъэкIэ.

Лэжьыгъэр йокIуэкI «Урысей Федерацэм и цIыхухэр псэупIэ тынш рэ коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ къызэгъэпэщын» къэрал программэм хыхьэу.

ЩэкIуэгъуэм и 6, *махуэку*

♦ **Дыкъэзыухъуреихь дунейм и хъугъуэфIыгъуэхэр зауэ щекIуэкIым деж къэмыгъэсэбэпыным и дунейпсо махуэщ.**

♦ **1857 гъэм** къалъхуащ Уэсмэн пащтыхьыгъуэм и дзэ къулыкъущIэ, маршал, зыхъумэжыныгъэмкIэ, хамэ къэрал IуэхухэмкIэ министру щыта **Абыкъу Ахьмэд-пащэ**.

♦ **1936 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **ПащIэ Ахьмэд**.

♦ **1953 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Быж Зарэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 15, жэщым градуси 5 щыхъунущ.

ЩэкIуэгъуэм и 7, *мэрем*

♦ **1917 гъэм** Урысейм щекIуэкIащ Жэпуэгъуэ революцэшхуэр.

♦ **1928 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьэн щыщIидзащ Акъбащ ГЭС-м.

♦ **1914 гъэм** къалъхуащ адыгей усакIуэ **ЕхъулIэ Сэфар**.

♦ **1924 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, журналист **ЩоджэнцIыкIу Нурий**.

♦ **1930 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессору щыта, УФ-ми КъБР-ми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Быгуэ Хьэзрэталий**.

♦ **1935 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къэжэр Пётр**.

♦ **1938 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, журналист, жылагъуэ лэжьакIуэ **Джэдгъэф Борис**.

♦ **1939 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Анзорыкъуэ Чеслав**.

♦ **1942 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, тхыдэдж **Бейтыгъуэн Сэфарбий**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 15, жэщым градуси 6 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 5-кIэ зихъуэжынущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:
Нэмысыр лъэIукIэ къахьыркъым.

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Iуэху

Псысэ дадэм и дунейр

ЦIыхум зыгуэр нэгъэсауэ къыщехъулIэм деж, а зэфIэкIым и фIыгъэкIэ езы гъащIэм и щэхур къиухутауэ къыпфIощI. А гупсысэм ухуокIуэ лIэщIыгъуэ ещанэ хъуауэ, дуней псом сабийрэ балигъыу тетхэр зыщIапIыкIа таурыхъ дахащэхэр зэхэзылъхьа Андерсен Ганс Христиан и гугъу щыпщIкIэ. Дызэрыт илъэсым таурыхъ дадэр илъэс 220-рэ ирикъуащ.

УЗЫХУЭКЪУЛЕЙ Iэзагъыр къызэрыбдалъхур пэжми, а езыр-езыру къыпIэрыхьа зэфIэкIыр къызэрыпхуэщхьэпэну щIыкIэр, дауи, гъэсэныгъэм куэдкIэ елъытащ. Зи хьэл-щэныр иджыри зэтемыува цIыкIужьейр нэхъыфIым зэрыхуаунэтI Iэмалхэм я нэхъ тыншри ар зыщIагъэжеикI таурыхъхэрщ. IэпщIэлъапщIэ, хахуэ, бэшэч, гурыхуэ, Iэ щабэ-Iущабэ ухъуным уезыгъэхъуапсэ псысэхэрщ ущиеншэу насып гъуэгум ухуэзыунэтIыр. Хэт зымыцIыхур «Уэс Гуащэм» хэт Гердэ псэемыблэжрэ абы гу быдагъым кърагъэла Кайрэ? Къыу хужьыбзэ къызыхэкIыжа «Бабыщ лъагъугъуей цIыкIури» зи IэдакъэщIэкIыр Андерсенщ. Хьэмэрэ игъэхъужа пцIащхъуэм нэхумрэ хуитымрэ кърезытыжа Дюймовочкэр-щэ? ФIыуэ илъэгъуа щIалэм и хьэтыркIэ и кIэмажьэр лъакъуэкIэ зыхъуэжа хъыджэбз-бдзэжьейри дэзыгъэцIыхуар а тхакIуэрщ. А псоми ди сабиигъуэр Iэфl зэрищIам нэмыщI, гъащIэм фIыкIэ дыщыгугъыу драгъэсащ, дэтхэнэ щытыкIэ гугъуми Iэмал имыIэу хэкIыпIэ зэриIэнур ди фIэщ ящIу.

Андерсен Ганс Христиан Данием щыIэ Оденс къалэм 1805 гъэм дунейм къыщытехьащ. КъызыхэкIар сабий куэд зэрыс тхьэмыщкIэ унагъуэт, арагъэнщ и таурыхъ псоми щIыIэмрэ мэжэлIэнымрэ щIыхэтыр.

«Си сабиигъуэр щыкIуа унэр зэрыхъур зы пэш закъуэт, зы гъуэлъыпIэ, пхъэупсыпIэ, сэ сыщыжей пхъэбгъу къедзыха фIэкIа щIэмыхуэу. Ауэ блынхэр тхылъ тезу зытелъ дапхъэхэмрэ сурэтхэмкIэ гъэщIэрэщIат. ХьэкъущIыкъухэр къабзабзэу щылыд пщэфIапIэ цIыкIур щэху куэд щызэхуэхьэса пкIэунэм дэкIуейрт...» Мы гукъэкIыжхэм Кайрэ Гердэрэ щызэхуэзэу щыта пкIэунэ хадэр уи нэгу къыщIагъэхьэ.

Андерсен и адэм театрыр фIыуэ илъагъуу, пьесэхэм, «Жэщ минрэ зырэ» таурыхъхэм пщыхьэщхьэкIэрэ и сабийхэм къахуеджэу щытащ. И адэ-анэр фIыуэ зэрылъагъуу зэрыщытар Андерсен и сабиигъуэ гукъэкIыжхэм къыхэщ зэпытщ. И анэр жыыщIакIуэу лажьэрт, тхэкIи еджэкIи ищIэртэкъым. Ауэ щIэныгъэм и пщIэр зыхэзыщIэ бзылъхугъэм и къуэм къыдалъхуа зэчийр химыгъэкIуэдэжу, зыузэщIыпIэ иритащ.

Европэм XIX лIэщIыгъуэм щIэныгъэ щызэзыгъэгъуэтахэм я нэхъыбэм къаухар чыристан еджапIэхэрщ. Сабий тхьэмыщкIэхэм папщIэ къызэIуаха апхуэдэ зырщ Андерсен тхэкIэ-еджэкIэ щызригъэщIар, Данием цIыкIухэр пщIэншэу щрагъэджэну унафэ къыщыщащта лъэхъэнэм. ЩIалэ цIыкIур еджапIэм илъэситху фIэкIа мыхъуу иратащ, иужькIэ егъэджакIуэхэр сабийхэм нэхъ тэмакъкIыхьу щахущыт, журтхэм папщIэ еджапIэ щхьэхуэм ягъэкIуащ.

Андерсен и адэр 1812 гъэм дзэм хыхьащ, нэгъуэщIу унагъуэр зыхуей хуигъэзэфынутэкъыми. ЩIалэ цIыкIур зэрыхъур илъэс 11-т. И закъуэ щIэх-щIэхыурэ унэм щIэсын хуей хъу Ганс цIыкIум хъыдан гуащэ ищIурэ, адрей сабийхэм папщIэ театр къигъэлъагъуэу щытащ. Ерыскъы къазэремэщIэкIым къыхэкIыу, ар зэм щэкI зэIущапIэм, зэм тутын щащI фабрикэм иратауэ щытащ, ауэ зыщIыпIи куэдрэ зыщиIэжьэртэкъым.

ГъащIэм узыхуэмыхьэзыру къыщыхъухэм гъуэгум я нэхъыфIыр къыщызэIуах куэдрэ къохъу. Андерсен актёр хъуну мурад ищIри, Копенгаген ежьэну зигъэхьэзырат, ауэ и анэм идакъым. АрщхьэкIэ къэхъун-къэщIэнухэм тепсэлъыхьрей гъунэгъу нанэм щIалэр цIэрыIуэ хъуну и натIэм иту и фIэщ щищIым, ар тегъэщIапIэ хуэхъури, анэм щIалэр иутIыпщащ. ГъэщIэгъуэнрати, Андерсен зэрызилъагъужыр артистут, цIыхухэр игъэдыхьэшхын, къэфэн, дэлъеин-къелъыхын Iуэхум дихьэхыу. Ауэ гъащIэм нэгъуэщIыпIэкIэ зигъэзащ.

«Гъуэгу пхытхъын» жаIэри псалъэ шэрыуэ гуэр щыIэщ. Арат Андерсен ищIэну зыхэтыр, ауэ зи нэфI къыщыхуэну зэхъуапсэ къулейхэм ягу къыщIэгъуу ягъашхэ фIэкIа, ямылейуэ зыри къыдалъагъуртэкъым. ИтIани, мурад зыщIам ар къохъулIэ. Андерсен 1822 гъэм и япэ пьесэр итхри, иужькIэ «етIуанэ адэ» зыфIища, Копенгаген дэт театрым и унафэщIым ар ягъэувыну къигъэгугъащ. Езы ныбжьыщIэри щIэныгъэ нэгъэса щигъуэтыну еджапIэм щIэтIысхьэфын хуэдэу, ахъшэ къыхудихащ. Гугъу дыдэу зэманыр щрихьэкIа гимназиер къиуха нэужь, Андерсен егъэджакIуэ щхьэхуэ къищтэщ, пасэрей бзэжьхэмрэ есэпымрэ иджри, университетым щIэтIысхьащ. Ауэрэ литературэ творчествэм зритащ, уси, прози, пьесэхэри итхыу.

Европэм къэралхэр щызэпытщ, зым уикIыу, адрейм укIуэну мыгугъуу. Германиер, Европэр, Франджыр, Алыджыр, Константинополь, Швециер, Португалиер - щIыпIэ куэд зригъэлъэгъуащ Андерсен, гъащIэм хуиIэ еплъыкIэр зэтеувэху. Илъэси 10-м и кIуэцIкIэ и нэгу зыщиужьа щIыпIэхэм ятеухуауэ, Андерсен тхылъ 25-рэ итхыжащ. «Импровизатор» зыфIища и романыр Европэм щызэбгрыкIри, бзиблкIэ зэрадзэкIауэ щытащ. ТхакIуэ цIэрыIуэ хъуну хунэсат Андерсен, ауэ щыхъукIэ, и таурыхъхэр иджыри къежьатэкъым.

Щхьэж езым нэхъ хэубыдыкIауэ фIыуэ илъагъуу Андерсен и псысэ иIэ къыщIэкIынщ. Сысейр «Вакъэ плъыжь цIыкIухэрщ». Ар теухуащ зыкъихыным дихьэхыIуэу, иужькIэ зыкъэзыщIэжа хъыджэбз цIыкIум.

«Еуэри лъагъугъуафIэрэ фо цIыкIуу зы хъыджэбзыфI псэурт, - къыщIедзэ Андерсен. - Ар апхуэдизкIэ тхьэмыщкIэти, гъэмахуэм лъапцIэу, щIымахуэм и лъакъуафэр тезых пхъэ вакъэжькIэ къикIухьын хуей хъут. Къуажэм вакъэ ищIу дэс нанэр тегушхуэри, зэрыхуэIэзэу хъыджэбз цIыкIум шухьэ плъыжь кIапэм вакъэ плъыжь цIыкIуитI къыхухидыкIащ. Вакъэхэр Iушэнашэт, ауэ фIы игу илъу зыда нанэм ахэр хъыджэбз тхьэмыщкIэ цIыкIум тыгъэ къыхуищIащ».

Зи гугъу тщIы тхакIуэм и пщIэр зэрыиным и щыхьэту пхурикъунщ «Андерсен» и цIэу Налшык сабий щыгъын щащэ тыкуэн зэрыдэтыр. Абы и таурыхъхэм щIапIыкIа хъыджэбз цIыкIур щабэ, щIалэ цIыкIухэр - хахуэ мыхъупIэ иIэкъым. Балигъ хъуа цIыхум дежкIи Андерсен и псысэбзэр къызэрымыкIуэщ, уеджэжыхукIэ, къаруущIэрэ гугъэрэ къыпхалъхьэу. Абыхэм ящыщ зыбжанэ Нало Заур зэридзэкIауэ, «ПсысэфI дыдэхэр» къыдэкIыгъуэм итщ. Ахэр нэхъыбэж хъумэ, адыгэ литературэри сабийхэри зы тхакIуэбзэкIэ нэхъ насыпыфIэ хъунущ.

Къабзагъэр узыншагъэщ

Сыт унагъуэм къихъуэ мылъкур нэхъ псынщIэу зыгъэбагъуэр? Жэуапыр псоми дощIэ: мылъкур зэгъэзэхуэныым. Зэгъэзэхуэныым я нэхъ щхьэпэри къэбгъэсэбэп хъуну ерыскъы, щыгъын, хьэпшып, Iэмэпсымэхэр хыфIумыдзэнырщ.

ШЭЧ хэлъкъым, зэманым зихъуэжащ. ЦIыхухэм я зэфIэкIым нэхъ зиубгъуауэ щытми, щэн-щэхуэным, лэжьыгъэм, мылъку къэугъуеиным ихь зэманыр апхуэдизкIэ куэдщи, Iуэху пэщэщэнейхэр IэщIыб хъуакIэщ, уеблэмэ унэм щагъэхьэзыру щыта лы гъэгъуахэри, фIэIугъэхэри, гъэшри, Iэнэм къытралъхьэ дэтхэнэ «унагъуэ шхынри» IэщIагъэлIхэм дакъикъэ зыбжанэм уи пащхьэм кърагъэувэ. ЦIыхубзхэм лэжьыгъэм зэрызратар ара къыщIэкIынщ абы и щхьэусыгъуэр.

Ауэ нобэ дызытепсэлъыхьынур узыхуей бгъуэту упсэуныр зэрынасыпракъым, атIэ узыхуэмейуэ къыпфIэщIыр къэбгъэщхьэпэу зебгъэсэным фIы куэд къызэрыдэкIуэрщ. КъыщыщIэддзэнури махуэ къэс къэдгъэсэбэп сабыным дежщ.

Шэч закъуи къытетхьэркъым ди япэ ита унэгуащэхэм езыхэм ярикъуну сабын яхуэщIу зэрыщытам, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, абы теухуа хъыбари тхыгъи зэкIэ дылъэIэсакъым. Зы къуажэм къелыжар адрейм зэхамыхауэ къыщыщIэкI куэдрэ къохъу, абы къыхэкIыу, дымыщIэххэу хъыбар гъэщIэгъуэн къыкъуэкIыжынкIи хъунущ.

Нобэрей IэмалхэмкIэ сабын пщIыныр шей бгъэвэным нэхърэ нэхъ псынщIэу зэфIокI. Пасэ зэманым къагъэщхьэпэу щыта яжьэм и пIэкIэ, нобэ лъысты къуаплъэ («каустическая сода») къагъэсэбэп. Сабыныр къыщежьауэ къалъытэ КъуэкIыпIэ щIыналъэхэм ар ахъуэ (оливэ) дагъэмрэ яжьэмрэ къыщыхащIыкIыу щытащ. Зэман дэкIыу, муслъымэнхэм Европэм икIа жорзехьэхэр («крестоносцхэр») ятеуа нэужь, сабын зэхэлъхьэкIэр щхьэж и щIыналъэм здихьри, зэбгрыкIащ. Иджы ар IуэхущIапIэ щхьэхуэхэм къыщыщIагъэкIыу щытми, щхьэж зыхуей фэмрэ мэмрэ ириту, «унагъуэ сабыныр» цIыхухъухэми цIыхубзхэми IэщIыб ящIыркъым. Iэмэпсымэ щIэщыгъуэкIэ бей ди лъэхъэнэм уэр-уэру сабын къызэрымыкIуэ зэхэплъхьэным нэхъри утрегъэгушхуэ.

Сабын ищIу зезыгъэсэну хуейм нэхъыбэм хыфIадзэ щэр къигъэщхьэпэ хъунущ, ар былымылым, мэлылым, джэдылым, къазылым, къинэмыщI псэущхьэхэм къыхэкIами. Сабын зэхэлъхьэкIэр зыгуэркIэ хьэлыуэ щIыкIэм пхуегъэщхьынущ. Тхъур упщIыIуа нэужь, мэжри, хьэлыуэр зэкIэрылъэлъкъым. Апхуэдэ дыдэу, сабынри бydэ хъун папщIэ, дагъэ лIэужьыгъуитI хэлъын хуейщ: ткIуаткIуэу къанэ зы лIэужьыгъуэрэ упщIыIуа нэужь, жын зи хьэл «дагъэ быдэрэ». Псалъэм папщIэ, сэхуран е нартыху дагъэр ткIуаткIуэщ. Гъэшым къыхэкI тхъури, лым къыхэкI щэри дагъэ быдэщ. А лIэужьыгъуитIри хэмыту, сабын къызыхэкIынур ахъуэ дагъэм и закъуэщ.

Адыгэбзэм дривгъаплъэт. «Сабын фIыцIэкIэ» дызэджэр уигъэкъабзэ къудей фIэкIа, мэ дахэ къызыпимых сабын къызэрыгуэкIщ. «Сабын лъапIэ» е «дыху сабын» жыхуаIэм мэ дахэ къыпех. ЗэрытщIэщи, химиер къызэрыщхьэпэм хуэдиз дыдэкIэ икIи зэранщ. Куэдым я фэр щIэшхэр е къыщIиткIуэткIур абыхэм зэрызатхьэщI сабыным елъытауэ къыщыщIэкI щыIэщ. Ари сабын пщIыуэ зыщIебгъасэ хъун зы щхьэусыгъуэщ.

«Щёлочь» псалъэм и адыгэбзэм дыщылъыхъуэм, псалъалъэм «лъысты» къыдитащ. «Лъысты къуаплъэ» хъужыр «каустическая сода» жыхуаIэращ. Сабыныр Iыхьищу зэхэлъщ: дагъэ, псы, лъысты. Иужьрейр бэзэрми зэрыжьыщIэ хьэпшыпхэр щащэ тыкуэнми щыбгъуэтынущ.

Ар хэмылъу, псымрэ дагъэмрэ зэхыхьэнукъым. АдэкIэ псори зэлъытар зэхэлъхьэкIэмрэ гъэупщIыIужыкIэмрэщ. Сабын зыщIым и Iэгъуэблагъэм сабий е псэущхьэ имытмэ, нэхъыфIщ. Езыми, зригъэсэху, и нэр зыхъумэн нэгъуджэрэ и фэр зыхъумэн тхылъымпIэпс Iэлъэрэ имыIэу хъунукъым. Лъыстыр щхъухьщ, цIыхум и кIуэцIым кIуэ хъунукъым, и фэри исынущ.

Сабын зэхэлъхьэкIэ Iэмал куэд дыдэ интернетым щыбогъуэт. ЗэрыщIэбдзапхъэр, дауи, нэхъ пудырщ, уи щIыпIэм щыбгъуэтырщ. Псалъэм папщIэ, сэхуран дагъэмрэ нэхъыбэм хыфIадзэж щэ гъэвэжамрэ сабыныфI дыдэ къахокI. Сэхуран дагъэу грамм 250-м щэуэ апхуэдиз дыдэ хыболъхьэри, уогъэткIу. Щхьэхуэу псы грамми 165-рэ къыбошэч. Абы лъысты грамм 70 ухуэсакъыурэ хыбокIутэ, зыIупшиикIыурэ зэIыбощIэ. Гу зылъытапхъэ: лъыстыр псым хэпкIутэу аращ, псыр лъыстым хэпкIэркъым! А тIур зэхэзэгъа нэужь, дагъэмрэ щэмрэ хыбокIэри, псори зэщыщхъу хъуху, зэIыпщIэурэ уогъэткIу. Щэр хыумылъхьэ щIыкIэ бгъэткIуми, псори зэхэплъхьа нэужь, мафIэм тет псы пщтырым хэбгъэувэу, хэбгъэткIухьми, хъунущ.

Сабыныр мафIэм тетуи бгъавэ мэхъу, абы зэреджэр «Iэмал пщтырщ». Абы нэхърэ нэхъ тыншщ «Iэмал щIыIэ» жыхуаIэр. Зэхэплъхьа псори зэраудэ IэмэпсымэкIэ (блендер) удэн зэрыщIэбдзэу, мапцIэ. Шатэм хуэдэу Iув хъуа сабыныр хьэфэ пIащIэм, силиконым къыхэщIыкIа хьэкъущыкъум тыншу къыбохыжыф. Нобэ хуэдэм ипкIа сабыныр пщэдей хуэдэм хьэзыру къыпхуихыжынущ. Ауэ зэпыбгъэжыжа нэужь, махуэ зыбжанэкIэ бгъэгъущмэ, нэхъыфIщ.

Мыбдежым къиттхар сабын зэхэлъхьэкIэ нэхъ къызэрыгуэкI дыдэращ, хэмылъу мыхъунухэр гурыIуэгъуэ хъун хуэдэу. Ар пщIыуэ зебгъасэмэ, мэкIи фэкIи зэмыщхьу, и быдагъ-щабагъри, и тхъурымбэм и мащIагъ-куэдагъри зэбгъэзахуэу ухъунущ. Фытегушхуэ, фыщымышынэ. УпщIэ фиIэмэ, е пасэрейхэм сабын зэращIу щыта хъыбархэм языхэз зэхэфхыжауэ щытмэ, «Адыгэ псалъэм» фыкъытхуеблагъэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президенту щыта КIуэкIуэ Валерэ и фэеплъу ММА-кIэ урысейпсо зэхьэзэхуэ мы гъэм епщIанэу Налшык къалэм и «Гладиатор» спорт комплексым щекIуэкIащ. Абы щызэпеуащ ди къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 17-м я спортсмени 124-рэ, я ныбжькIэ илъэс 18-м щIигъуахэмрэ нэхъыжьхэмрэ. Ахэр щIэбэнащ медаль комплекти 10-м. Зэхьэзэхуэм хэта дэтхэнэ гупри цIыху 15 - 17 хъурт.

КъБР-м и япэ Президентым и фэеплъу

«МЫ ГЪЭМ Налшык къыщызэхуэсахэр спортсмен лъэщ защIэщ. Абыхэм яхэтщ УФ-м и чемпионхэр, дунейпсо, урысейпсо зэпеуэхэм къыщыхэжаныкIахэр. Апхуэдэуи мыбы зыкъыщагъэлъагъуэ хъунущ профессиональнэ зэуакIуэхэми», - жиIащ КъБР-м Зэзауэ зыхэт спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ и федерацэм и унафэщI ПщыукI Залым.

ЗэIущIэр къыщызэIуахым хэтащ КъБР-м и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лIыкIуэхэр, спортымкIэ федерацэхэм я лэжьакIуэхэр, спортым дихьэххэр, нэгъуэщIхэри. Спортсменхэмрэ хьэщIэхэмрэ захуигъэзащ КъБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ Хэжь Заур икIи жиIащ ММА-м республикэм зыщегъэужьыным, щIалэгъуалэ зэчиифIэхэм защIэгъэкъуэным мыхьэнэшхуэ зэраIэр икIи мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэм я бжыгъэр илъэс къэс нэхъыбэ хъуну зэрыщыгугъри къыхигъэщащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм зэпеуэм медаль 11 къыщахьащ - 4-р дыщэу, 2-р дыжьыну, 5-р домбеякъыу.

Я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм япэ увыпIэхэр щаубыдащ Шагъыр Ратмир (кг 52-рэ), Мирзоев Арсен (кг 61-рэ), Алий Iэдэм (кг 66-рэ), Батыр Къантемыр (кг 70) сымэ. ЕтIуанэ хъуахэщ Сумаев Ислъамрэ (кг 61-рэ) Факъуэ Муратрэ (кг 70). Ещанэ увыпIэхэр къахьащ Мэкъуауэ Валерэ, Степанян Арташес (кг 61-рэ), КIэрэф Темырлан (кг 70), Азнауров Ислъам (кг 77-рэ), Тхьэмадокъуэ Алим (кг 120-рэ) сымэ.

КIуэкIуэ Валерэ и фэеплъ зэхьэзэхуэр къызэригъэпэщащ КъБР-м Зэзауэ зыхэт спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ и федерацэм, КъБР-м СпортымкIэ и министерствэр къыдэIэпыкъуу.

КЪУЭЖЕЙ Алим.

Руслан зэкIэ ещанэщ

Адыгейр къыщызэрагъэпэща махуэм и щIыхькIэ Мейкъуапэ къалэм щекIуэкIащ Республикэм и Кубокыр тхэквондомкIэ (ВТФ, Олимп джэгухэм хыхьэ лIэужьыгъуэмкIэ) къэхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэ. Абы щызэпеуащ Урысей Ипщэмрэ Кавказ Ищхъэрэмрэ, Донецк Республикэм я спортсмен ныбжьыщIэу, щIалэхэри хъыджэбзхэри зэхэту, 500-м нэблагъэ.

Руслан зыхэта гупыр цIыху 32-рэ хъууэ зэрыщытар къэплъытэмэ, ещанэ увыпIэри ехъулIэныгъэщ, ауэ абыкIэ укъэувыIэ зэрымыхъунум шэч хэлъкъым. Абы нэмыщI, япэм ар щызауэу щытар килограмм 37-рэ зи хьэлъагъхэр зыхэт гупырт, иджы, кадетхэм яхыхьэри, килограмм 41-рэ хъухэм яхэтщ.

Хьэщыкъуейм и тренерыр Унэжокъуэ Абдельджэбарщ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Кэнжэ къуажэм и «Пять колец» спорт академием и гъэсэн Хьэщыкъуей Руслан икIи и хьэлъагъ елъытауэ зыкъыщигъэлъагъуэ гупым (кг 41-рэ) ещанэ увыпIэр къыщихьащ. Дыщэ медалым щхьэкIэ зэIущIитху къыпэщылъат ныбжьыщIэми, абы щыщу щым щытекIуащ, еплIанэр и хьэрхуэрэгъум фIихьащ.

Япэ зэIущIэм Руслан хигъэщIащ Осетие Ищхъэрэ - Аланием и лIыкIуэ Бестаев Алимбэч, зэIущIэм хухаха зэманыр и кIэм нимыгъэсу. ЕтIуанэри, гугъу демыхьу, къыфIихьащ Донецк республикэм щыщ Гришин Алексей. Ещанэм ар щытекIуащ Владикавказ къалэм икIа Гурованов Марат. АдэкIэ, кIэух зэхьэзэхуэм и Iыхьэ ныкъуэм, ар щыхуэзащ осетин щIалэ Исаев Азэмэт икIи, ди жагъуэ зэрыхъущи, бжыгъэр 2:1-уэ къыхигъэщIащ.

КЪУЭЖЕЙ Iэдэм.

Футбол

Дерс къыхахыну дыщыгугъынщ

«Спартак-Налшык» - «Сочи-2» - 0:0 (0:0). Налшык. «Спартак» стадионым. ЩэкIуэгъуэм и 1-м. ЦIыху 260-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Передерий (Владикавказ), Спирин (Ленинград область), Боровиков (Петрозаводск).

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, Балъкъыз, Гъуэгузокъуэ, Пириев, КIэдыкIуей, Блий, Пекъу, ХьэцIыкIу (Дзыгъул, 79), Сарбашев (Кенжев, 58), Хьэшыр (КIэщт, 69), ЛIуп (Кумыщ, 58).

«Сочи-2»: Силев, Кошман, Ткачев, Платонов, Янгаев, Мециев, Шилов, Филимонов, Ченчиков (Саласин, 83), Мкрытчан, Тоцкий.

Дагъуэ хуащIащ: Пириевым, Балъкъызым, Тоцкэм, Кумыщым, Платоновым, Кенжевым, Филимоновым.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и япэ гупым хэт командэхэм ирагъэкIуэкI зэхьэзэхуэхэм хыхьэ 7-нэ джэгугъуэм ипкъ иткIэ «Спартак-Налшыкым» и деж къыщригъэблэгъащ «Сочи-2» командэр.

ЗэIущIэр зэрекIуэкIам дытепсэлъыхьын ипэ къихуэу статистикэм зыхуэдгъэзэнщи, мы гъэм япэу чемпионатым къыхыхьа «Сочи-2» командэм налшыкдэсхэр щэ ядэджэгуати, зэм ятекIуащ, адрейхэм, нобэрейри хэту, зэрытегъэкIуакъым, абы нэмыщI, «Б» гупым щыджэгуахэм я зэпеуэм ещанэ увыпIэр къыщихьащ.

ЗэIущIэмкIэ къэдгъэзэжынщи, абы зэрыщIидзэу, дакъикъитI нэхъыбэ дэмыкIауэ, «Спартак-Налшыкым» IэмалыфI дыдэхэр иIащ хьэщIэхэм я гъуэр къыхуэщтэну. Топджэгу губгъуэм и сэмэгурабгъумкIэ къежэкIа, ди командэм и капитан Хьэшыр Алан топыр ЛIуп Ислъам дахэу иритащ икIи ар и закъуэу «Сочи-2»-м и гъуащхьэм телъэдащ. АрщхьэкIэ ди щIалэм IэкIуэлъакIуэу ар къыхуэгъэсэбэпакъым. Пэжыр жыпIэмэ, ар зэреуамкIэ, емыгугъущауэ къыпщохъу: зэрыжэм хуэдэурэ топым елъэпауэри, гъуэм блэукIащ. АдэкIэ, дакъикъэ IобщIы рыпщ хуэдизкIэ командэхэр сабырыкъым. ЗэрыкIэлъу, я пIэ изэгъэжри, гугъу зэремыгъэ тэмыгъуэм хуэзэу. Топджэгу губгъуэм и гъуэмкIэ иту, Гурыгъуэрыт, кIэух зэхьэзэхуэхэм командитIми фейдэ гуэр къазэрыхухэмыхынур, турнир таблицэм иджыпсту щаIыгъ увыпIэхэм ищхьэкIэ зэрымыкIуэфынур.

ЗэIущIэм и япэ Iыхьэм и 34-нэ дакъикъэр екIуэкIыу арагъэнт, налшыкдэсхэм хьэщIэхэм я гъуэр къащтэфыну аргуэру Iэмал дахэкIей къыщызэрагъэпэщам щыгъуэ, арщхьэкIэ, неIэмал, я Iэзагъыр мыбдежми щахурикъуакъым. ХьэцIыкIу Хьэчим топыр иIыгъыу сэмэгурабгъумкIэ хьэщIэхэм я лъэныкъуэмкIэ илъэдащ, угловойм нэсыху, адэкIи хьэщIэхэм я гъуащхьэмкIэ ар игъэжащ. «Сочи-2»-м и гъуащхьэтет Силев Даниил ар къиубыдын мурадкIэ гъуэм къыдэжат, ауэ Сарбашев Давид топым ар лъимыгъэIэсу IэщIиудри, штангэм техуащ. Къигъэлъеижри, топджэгу губгъуэм къилъэдэжа топыр ЛIуп Ислъам и пащхьэм къыщыхутащ. МетритI-щыкIэ фIэкIа пэмыжыжьэу гъуэ нэщIым бгъэдэта ди щIалэр абы блэукIащ. Сэ сызэреплъымкIэ, апхуэдэ топхэр дэбгъэкIын щхьэкIэ, топджэгу Iэзэ дыдэу ущымытми хъунущ, ауэ сыт абы утепсэлъыхьыжкIэ.

ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэми командэхэм гугъущэ зрагъэхьыжакъым, зэманыр ягъакIуэу губгъуэм итауэ аращ. Апхуэдэ щытыкIэм налшыкдэсхэр игъэбэлэрыгъри, «Сочи-2»-м IэмалыфI дыдэ ди гъуащхьэм къыщызэрагъэпэщат, ауэ, насып диIэти, штангэр къыддэIэпыкъуащ.

ИжьрабгъуумкIэ щыту хьэщIэхэм штрафной къыхатащ. Топ къажэр къимыгъэувыIэу, а зэрыкIуэм хуэдэу лъэщу абы еуащ гъуащхьэхъумэ Тоцкий Егор икIи псоми, Къумыкъу Аслъэнбэчи яхэту, яблэлъэтри, штангэм техуащ. Ар ди гъуэм дэкIауэ щытамэ, фIэщщIыгъуейт къэнэжа зэманым ди щIалэхэм зыгуэр яхузэфIэкIыжыну.

Мис апхуэдэу мыгъэрей чемпионатыр иухащ, «Спартак-Налшыкыр» командэ нэхъ мыхьэнэншэхэм яхэту. АтIэ, илъэсым щыщIидзэм щыгъуэ, къалэну зыхуагъэувыжауэ щытар гуп нэхъыфIым и еханэ увыпIэм и лъабжьэ къэмыкIуэнырт. Абы щхьэкIи спонсор хъарзыни къагъуэтат, мы гъэм тэмэму зыкъагъэлъагъуэмэ, клубым къыхалъхьа мылъкур нэхъыбэ ящIыну. Иджы фIэщщIыгъуейщ ар къыдэпхьэхыжыфыну.

Мыдрейуэ, гугъэри гъащIэм щыщщ, дыпэплъэнщ «Спартак-Налшыкым» и щыуагъэхэм дерс къыхахыну, зэран къахуэхъу лъэпощхьэпохэр трагъэкIуэту, я джэгукIэ дахэхэмкIэ дяпэкIэ дагъэгуфIэну. Догугъэ!

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и япэ гупым хэт командэхэм щэкIуэгъуэм и I - 2-хэм ирагъэкIуэкIа адрей зэIущIэхэр мыпхуэдэ бжыгъэхэмкIэ иухащ: **«Ростов-2» - «Победа» - 2:1**, **«Ангушт» - «Дружба» - 1:2**, **«Легион» - «Астрахань» - 1:0**, **«Рубин» - «Динамо-2» - 5:2**, **«Динамо-Ставрополь» - «Севастополь» - 2:2**, **«Нарт» - «Кубань Холдинг» - 1:0**.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
	«А» гупым						
1.	**«Севастополь»**	**33**	**18**	**11**	**4**	**51-34**	**65**
2.	**«Динамо-Ставрополь»**	**33**	**18**	**10**	**5**	**49-31**	**64**
3.	«Кубань Холдинг»	33	15	13	5	53-27	58
4.	«Нарт»	33	16	7	10	45-27	55
5.	«Победа»	33	16	4	13	38-38	52
6.	«Ростов-2»	33	14	6	13	43-34	48
	«Б» гупым						
7.	«Дружба»	33	15	8	10	50-30	53
8.	«Астрахань»	33	14	10	9	42-29	52
9.	«Сочи-2»	33	12	10	11	44-36	46
10.	«Рубин»	33	12	7	14	39-42	43
11.	«Легион»	33	9	9	15	33-58	36
12.	«Ангушт»	33	7	10	16	27-37	31
13.	**«Спартак-Налшык»**	**33**	**6**	**8**	**19**	**25-50**	**26**
14.	**«Динамо-2»**	**33**	**0**	**5**	**28**	**21-82**	**5**

Ингуш щIэныгъэрылажьэр адыгэхэм ятопсэлъыхь

Тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, этнолог, Урысей къэрал университетым и доцент Чабиевэ Танзилэ Ингуш Республикэм къыщыхъуащ. Урысейм Кавказым щыщ щIэныгъэрылажьэ куэд ису къыщIэкIынкъым Невский Александр и орденым и етIуанэ нагъыщэр хуагъэфэщауэ, Танзилэ ар къратащ 2024 гъэм. Езыр къыщалъхуа щIыналъэм тепсэлъыхьрей Чабиевэм адыгэхэми уигу игъэзагъэу я гугъу ещI.

ТАНЗИЛЭ ди нэм къыфIэзыгъэнар Ингуш телевиденэм и журналист Саутиевэ Меланэ пIалъэ-пIалъэкIэрэ иригъэкIуэкI «Гум къина архивхэр» программэрщ. «Ингуш цIыхубзыр XIX лIэщIыгъуэм и кIэмрэ XX и пэмрэ я зэхуакум зэрыта теплъэр» нэтыныр, дауи, нэхъыбэу зытеухуар щIэныгъэрылажьэм и лъэпкъэгъухэрт. Ауэ кавказ бзылъхугъэм и зыхуэпэкIэр щIэныгъэщIэу зыхуримыгъэджыхьэр, дэтхэнэ лъэпкъым и гугъу пщIыуэ щытми, гъунэгъухэми уазэрылъэIэсыр Танзилэ губзыгъэу къиухыгъащ. «Ингуш цIыхубзым иIа теплъэр ар щыпсэу щыIыпIэм елъытауэ щытащ, - жиIащ Чабиевэм. - Тафэм щытесам, щыгъыныр зы щытыкIэм итащ. Бзылъхугъэхэр бгым щыпсэун хуей хъуа нэужь, я зыхуэпэкIэми зимыхъуэжу хъуакъым. «Ингуш цIыхубзым и щыгъын» жытIэ щхьэкIэ, мыбдежым зи гугъу тщIыр Кавказым щыпсэу адрей лъэпкъхэми епхьэлIэ хъунущ. Къэхутэныгъэ езыгъэкIуэкIа щIэныгъэлI псоми зы жьэу жаIэ: нысашэ фащэ хъуми, махуэкъэс щыгъын къызэрыгуэкIыу щытми, нэхъ гъэщIэрэщIа, нэхъ зэгъэпэща, хьэпшып нэхъыбэ зыкIэрылъ бзылъхугъэ фащэр Кавказым щыпсэу адрей лъэпкъхэм ейм ещхьщ. Куэд зэрызэщхьыр сыт къыкIыр? Ар къызэрыгъэкIыу, мыхьэнэншэу зэрыщытыр. Дэтхэнэ зы пкъыгъуэми гупсысэ щхьэхуэ дыщIыгъущ». Гудзакъуэ зыхэлъ щIэныгъэрылажьэр куууэ пхоплъэ адыгэхэм я блэкIами, я нобэми: «Иджырей Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм ящыщу адыгэхэр нэхъ леишхуэ зытехьауэ къэплъытэ хъунущ, - жеIэ Чабиевэм. - ЗэрытщIэщи, адыгэ псори къэкIуэжыфакъым Кавказым, тхыдэкIэ я Хэкуу щыта щIыпIэхэри яIыгъыжкъым. Кавказым щIыналъэ абрагъуэ щаIыгъащ адыгэхэм. Ари зы гузэвэгъуэщ, галгъайхэм (зи гугъу ищIыр и лъэпкъэгъухэрщ - *Ч. М.*) ещхьу, я тхыдэр я гум щахъумэу, абы мыхьэнэшхуэ ирату, тегъэщIапIэ нэхъыщхьэу я гъащIэм хэту. Этнологыу сызэрыщытым къыхэкIыу, нобэ кавказ лъэпкъхэм я псэукIэм сыщыкIэлъыплъкIэ, гу лъызотэ адыгэхэм захъумэжын плъапIэр лъэныкъуэ куэдым зэрыщаукъуэдийр: я бзэкIи, щэнхабзэкIи, къалъысыпхъэхэмкIи, псэкупсэ лъапIэныгъэхэмкIи, къафэхэмкIи, динымкIи, къинэмыщIхэмкIи. Лъабжьэшхуэ яIэщ адыгэхэм».

Мы псалъэхэр ди деж кIэ зэрылъапIэм нэмыщI, лъэпкъым къару къыщIыхьыжыным сэри си Iыхьэ хэслъхьэну, жыхуагъэIэу, пхузэфIэблэжыным утрагъэгушхуэ.

«Махуэку» къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Марианнэщ.**

Гъагъэ, ефIакIуэ, къуажэ махуэу Хьэтуей!



Лэскэн районым хыхьэ Хьэтуей къуажэр ТэрчкIэ къиIэпхъукIыу Урыху псым и Iуфэм къызэрытIысрэ илъэси 175-рэ зэрырикъум иращIэкI махуэшхуэр жылэм Iэтауэ щрагъэкIуэкIащ. МахуэщIым екIуу зыхуагъэхьэзырат: ихъуреягъкIэ нэм къиплъыхьыр гур хэзыгъахъуэт, дэтхэнэ зы теплъэгъуэми жылэм тхыдэ къулей и щIыбагъ къызэрыдэлъыр хэплъагъуэрти, абы и нобэрей гъащIэр дахэкIэ гъэнщIауэ, и къэкIуэнур фIым ухуэзышэу зэрыщытри зыхыуигъащIэрт. Къуажэм дэт IуэхущIапIэ псоми я зэфIэкIыр зыхуэдэм, я ехъулIэныгъэхэм ущызыгъэгъуазэ лэжьыгъэхэр утыку кърахьат. Жылэм къыдэкIа цIыху цIэрыIуэхэм, унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэм къыщыхэжаныкIахэм я сурэтхэр зытет стендыр щыфIэдзат еджапIэ бжыхьым и кIыхьагъкIэ. ЦIыхухэм я нэгум гуфIэгъуэр кърихырти, зыр зым хуэгуапэу махуэшхуэм фIыгъуэ къахудэкIуэну зэхъуэхъужхэрт.

ЗЫХЭПСЭУКI зэманым декIуу къэгъуэгурыкIуа жылэжьщ Хьэтуейр. Революцэми, Хэку зауэшхуэми, зауэ нэужь лъэхъэнэм къэралым и зэфIэгъэувэжыныгъэми жылэдэсхэм я гуащIэшхуэ халъхьащ. Нобэ екIуэкI дзэ Iуэху хэхами хьэтуей щIалэхэм лIыгъэрэ хахуагъэрэ къыщагъэлъагъуэ.

Илъэси 175-рэ зи щIыбагъ къыдэлъ жылэм зыужьыныгъэ хъарзынэхэр иIэурэ къэгъуэгурыкIуащ. Иужьрей илъэсхэм хэпщIыкIыу къуажэ гъащIэр ефIэкIуащ, и теплъэращи, и къабзагъкIи зэрагъэдэхакIи дагъуэншэщ, жыпIэнурамэ, жэнэт лъахэ цIыкIум хуэдэщ. Жылэм дэт IуэхущIапIэхэр зытет уэрамыр щхъуантIагъэр ебэкIыу ягъэдэхащ, уэздыгъэхэр щыфIадзащ, тетIысхьэпIэхэр щагъэуващ, зэмыфэгъуу зэщIэблэ псыутхыр ЩэнхабзэмкIэ унэм и утыкум деж щытщ. А уэрамым и дыхьэпIэм деж щагъэуващ «ИугъащIэ Хьэтуей!» псалъэхэр зытет аркэ дэгъуэр. Къуажэм и уэрам нэхъыщхьэм и кIыхьагъкIэ жыгыщIэ цIыкIухэр хасащ, уэздыгъэхэмкIэ зэщIагъэнэхуащ. Жылэм и ехъулIэныгъэшхуэхэм ящыщщ 2021 гъэм екIуэкIа «КъБР-м и къуажэ нэхъыфI» республикэ зэпеуэм япэ увыпIэр къызэрыщихьар. Апхуэдэу курыт школым бжьыпэр щиубыдащ «Си бзэ - си псэ, си дуней», «ЕджакIуэхэм щэнхабзэ щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ зэфIэкI лъагэхэр къэзыгъэлъэгъуа егъэджэныгъэ IуэхущIапIэ нэхъыфI» республикэ зэпеуэхэм, къуажэм дэт сабий садыр щытекIуащ «Урысейм и сабий гъэсапIэ нэхъыфI» урысейпсо зэхьэзэхуэм.

Хьэтуейм и махуэшхуэр даIыгъыну къэхуеблэгъат хьэщIэ лъапIэхэри. Зэхыхьэ гуапэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Хъубий Марат**, КъБР-м и Парламентым Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ и комитетым и унафэщIхэм яз, Хабзэмрэ щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Джатэ Руслан**, ЩэнхабзэмкIэ, жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI **Текуев Iэмырбий**, УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ IуэхущIапIэхэмкIэ и комитетым и унафэщI **Къумал Заурбэч**, ЭкономикэмкIэ, зыужьыныгъэмрэ хьэрычэт IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI **Iэпщэ Заур**, «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI **Дадэ МуIэед**, Лэскэн район администрацэм и Iэтащхьэ **Инжыжокъуэ Сэфарбий**, щIыпIэ самоуправленэмкIэ советым и тхьэмадэ **Сэбаншы Аскэрбий** сымэ, нэгъуэщIхэри.

МахуэщIыр ирагъэкIуэкIащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ КIэхумахуэ ФатIимэрэ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист Аттаев Азноррэ. Абыхэм зэхыхьэ гуапэм къекIуэлIахэр махуэшхуэр зэрекIуэкIыным щагъэгъуазэри, япэу ирагъэблэгъащ Хэку зауэшхуэм хэтахэу псэууэ къэзыгъэзэжахэм я фэеплъхэр къыщызэIахыну щыпIэм.

Хэку зауэшхуэр щекIуэкIа илъэсхэм Хьэтуей къуажэм щыщу цIыху 360-рэ фронтым Iухьащ. Абыхэм ящыщ куэдым я гъащIэр щIатащ къэралым, абы и цIыхухэм я мамыр псэукIэм. Абыхэм я лIыхъужьыгъэм хуэгъэпса фэеплъыр курыт школым и пщIантIэм дэтщ. Абы и лъэныкъуэкIэ мафIэ лыгъейм псэууэ къыхэкIыжа ветеранхэр нэхъ гулъытэншэу хъуауэ къилъытэрт къуажэ администрацэм и унафэщI ДзыхьмыщI Анзори, ар игъэзэкIуэжу, зауэми лIыгъэ щызэзыхьа, иужькIэ псэукIэр зэфIэгъэувэжынми зи гуащIэ хэзылъхьа цIыхуи 174-м я цIэ-унэцIэхэр зытет фэеплъыр а щыпIэм дыдэм деж щигъэуващ.

Нобэ къэралым и щхьэхуитыныгъэм щIэбэн зауэлI куэдми хуэдэу, Хьэтуейм и щIэблэм ящыщхэри хэтщ дзэ Iуэху хэхам. «Зауэ тыншрэ шэ фэбжьыфIрэ щыIэкъым» жаIэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди щIалэхэм яхэтщ Хэкум и пащхьэм щаIэ къалэныр ягъэзащIэу зи гъащIэр зытахэр. ДзыхьмыщIхэ Хьэжмуратрэ Казбекрэ, Бетрожь Аслъэнджэрий, ХьэщIэлIхэ Муратрэ Астемыррэ, МэшылI Амур, БищIо Рустам, Танокъуэ Астемыр сымэ я лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ къуажэдэсхэр ирогушхуэ икIи абыхэм я щIыхьым хуэгъэпсауэ Фэеплъым и аллее къызэIуахащ.

И цIыху пажэхэр гъэлъэпIэным, абыхэм яхуэфэщэн пщIэ егъэгъуэтыным сытым дежи гулъытэ хуэзыщI жылэжьщ Хьэтуейр. Къыщалъхуа къуажэм и мызакъуэу, республикэ псор зэрыгушхуэщ лъэпкъ литературэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, абы и тхыдэм увыпIэ щхьэхуэ щызыубыда усакIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэхэу Налохэ Заурэ Ахьмэдхъанрэ. Зи зэчийрэ зэфIэкIкIэ къызыдэкIа къуажэм и цIэр зыгъэIуа зэкъуэшхэм я къалэмыпэм къыщIэкIа сатырхэр тету скъар мывэм къыхэщIыкIа тхылъхэр школ пщIантIэм щагъэуващ.

ГуфIэгъуэ зэхыхьэм щыпащащ ЩэнхабзэмкIэ унэм. Япэу утыкур хуит хуащIащ **Хъубий Марат**. Ар къеджащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек къыбгъэдэкI хъуэхъу тхыгъэм:

«ПщIэ зыхуэсщI къуажэдэсхэ!

Мыхьэнэшхуэ зиIэ IуэхугъуэмкIэ - къуажэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 175-рэ зэрырикъумкIэ - сынывохъуэхъу.

Къуажэм и юбилейр зыми хуэмыдэж махуэщIщ, ар нэхъыжьхэми щIалэгъуалэми я зэхуэдэ гуфIэгъуэшхуэщ. Дэтхэнэм дежкIи зихуэдэ щымыIэ хэку цIыкIум худиIэ лъагъуныгъэр сытым щыгъуи ди псэм щыдогъафIэ.

Нобэрей махуэр фи къуажэм и тхыдэмкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ. Къуажэр зэрыгушхуэн цIыху гуащIафIэхэр и мащIэкъым, ахэр нэхъыжьхэм къызэранэкIа хабзэхэр яхъумэу, лэжьыгъэм, щIым, щэнхабзэм пщIэ хуащIу щIэблэр къэгъэтэджыным телажьэу къогъуэгурыкIуэ.

IуэхуфIхэр къагъэщIу, зэкъуэту, зэдэIэпыкъужу къызэрызэдекIуэкIырщ Хьэтуейм и тхыдэм и лъабжьэр зыгъэтIылъар. Мыбы блэкIар щалъытэ, къуажэм и зыужьыныгъэм гулъытэшхуэ щыхуащI, и цIыхухэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэми Урысейми и ефIэкIуэныгъэм я гуащIэ халъхьэ. Адрей лъэпкъхэми хуэдэу, дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI щIыпIэм щыIэу къэралым и щхьэхуитыныгъэр яхъумэ, абы папщIи щхьэхуэу фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ. Дэ догушхуэ ди республикэм щыщу а щIыпIэм щыIэ дэтхэнэ зымкIи, апхуэдэуи зэрахуэзэфIэкIкIэ зауэлIхэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъухэмкIи. Ар текIуэныгъэм нэхъ гъунэгъу дыхуэхъунымкIэ къыпхуэмылъытэн хэлъхьэныгъэшхуэщ.

ЦIыху гумызагъэхэм я фIыгъэкIэ къуажэр дахэу, къабзэу, хьэщIэхуэфIу щытщ, гунэгъу зэхущытыкIэфIхэм, зэкъуэтыныгъэм хуэфэщэн пщIэ щыхуащIу.

Къуажэр зэрыхъу илъэс бжыгъэр щигъэлъапIэ махуэщIэр ар къикIуа гъуэгуанэм щриплъэжын, блэкIар щыщIипщытыкIыжын щхьэусыгъуэ кудейкъым, атIэ икIи фIэщхъуныгъэ хэлъу къэкIуэнум ухуэзыгъаплъэ IэмалыфIщ.

Шэч къытесхьэркъым къуажэм къыщIэхъуэ щIэблэщIэми, я хэку цIыкIум и пщIэр яIэту, абы дэлъ хабзэ дахэхэм къызэрыпащэнум.

Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сынывохъуэхъу узыншагъэрэ зэIузэпэщыгъэрэ фиIэну, дэтхэнэ зы унагъуэми гуфIэгъуэ, зэгурыIуэ, берычэт илъыну. Фи къуажэ дахэр адэкIи ефIэкIуэну!»

Адэкlэ Хъубий Марат КъБР-м и Правительствэм и ЩIыхь тхылъыр яритащ Хьэтуей къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ ДзыхьмыщI Анзоррэ «Агрохимия» ООО-м и унафэщI Лъакъуэдыгъу Хьэзритрэ.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ къыбгъэдэкI хъуэхъу тхыгъэм къеджащ **Текуев Iэмырбий**. Абы къыщыгъэлъэгъуащ Хьэтуейм и илъэси 175

гъуэгуанэр щIылъ пылъу, и тхыдэм IуэхугъуэфIхэмкIэ хигъахъуэу, и хабзэр иIыгъыжрэ и щэнхабзэ щIэинхэр ихъумэжу къызэрикIуар, щIыналъэр зэрыгушхуэн цIыху гуащIафIэхэмкIэ зэрыкъулейр, зэманым дэбакъуэу псэукIэр езыгъэфIакIуэ лэжьыгъэшхуэхэр щызэфIах зызыужьа жылэ дахэу зэрыщытыр икIи адэкIи ехъулIэныгъэщIэхэр зыIэригъэхьэну зэригуапэр.

Жылагъуэ Iуэхум жыджэру зэрыхэтым, къуажэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм хуащI хэлъхьэныгъэхэм папщIэ КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъхэмкIэ ягъэпэжащ «Кавказские Минеральные Воды» ООО-м и унафэщI ДзыхьмыщI Зауррэ Хьэтуей къуажэм щIыпIэ самоуправленэмкIэ и советым и депутат, хьэрычэтыщIэ Мэремкъул Умарбийрэ. Республикэм и хабзэубзыху органым и ФIыщIэ тхылъхэр хуагъэфэщащ хьэрычэтыщIэ Таз Русланрэ, «Шато-Эркен» ООО-м и унафэщI ХьэщIэлI Заурбэчрэ.

- Нобэ Хьэтуейр жыджэру зызыужь къуажэщ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек фIыщIэ худощI Хьэтуей жылэми Лэскэн районми къыхуищI гулъытэм папщIэ. Иужьрей илъэсхэм къуажэм и инфраструктурэм сом мелуан 50-м нэблагъэ текIуэдащ. Сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжащ ЩэнхабзэмкIэ унэр, къуажэ уэрамхэр зэпэщ ящIащ, гъуэгухэр щаухуащ, - жиIащ **Инжыжокъуэ Сэфарбий**. - КIуэкIуэ Казбек пщэрылъ къытщищIам ипкъ иткIэ, 2026 гъэм къуажэм дэт курыт еджапIэм зэгъэпэщыжыныгъэ щедгъэкIуэкIынущ, адэкIэ къыкIэлъыкIуэ илъэсхэм ди мурадщ сабий гъэсапIэри зыхуей хуэдгъэзэжыну, узыншагъэр щрагъэфIакIуэ физкультуре комплекс къызэтIутхыну. Шэч хэмылъу, тхыдэр къэзыгъэщIыр цIыхухэрщ. Апхуэдэ цIыху щэджащэхэр Хьэтуей куэду къыдэкIащ, ахэр фIы дыдэу къыщацIыху республикэм. Иджыпсту псоми я цIэр къыхэIуэнкъым, ауэ абыхэм яхэтщ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужьхэр, Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутатхэр, щIэныгъэлIхэр, тхакIуэхэр, усакIуэхэр. Колхозхэт, IэщIыхъуэ, нартыхугъэкI лэжьакIуэшхуэхэр, егъэджакIуэ, дохутыр Iэззэхэр, дзэм къулыкъу щызыщIэ щIалэ хахуэхэр, нэгъуэщI IэщIагъэлI цIэрыIуэ куэди и куэщI ирипIыкIащ тхыдэ къулей зиIэ къуажэм. Псом хуэмыдэу къыхэзгъэщыну сыхуейт Хэку зауэшхуэм и зэманым я псэ емыблэжу къэралыр фашистхэм ящызыхъумахэр. А зауэм хэкIуэдащ мы жылэм щыщу Iэщэр къэзыщтэу ди мамырыгъэмрэ хуитыныгъэмрэ щIэбэна цIыху 200-м нэблагъэ, 174-м псэууэ къагъэзэжати, къалэн хьэлъэ кърахьэлIам къыщымынэу, лъэхъэнэ гугъум цIыхубэ хозяйствэр къэIэтыжыным, къуажэм зегъэужьыным я зэфIэкI халъхьэу псэуащ. Дэ абыхэм я фэеплъыр тщыгъупщэнукъым. Иджы нобэ ахэр зыхэта Iуэхум къыпащэу абыхэм я щIэблэр фашизмэмрэ нацизмэмрэ я лъабжьэр гъэкIуэдэным щIобэн. Зауэ щыхъукIэ, хэщIыныгъэншэу абы укъыхэкIыркъым, абы хэкIуэда ди щIалэхэм я щIыхьыр дэ тхъумэнущ. Мамырыгъэрэ фIыгъуэрэ къуажэми абы и цIыхухэми яIэну си гуапэщ.

Хьэтуейм и зэIузэпэщыгъэм я гуащIэ зэрыхалъхьам папщIэ, къуажэр илъэси 175-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ Лэскэн район администрацэм къыбгъэдэкI фIыщIэ тхылъхэр иратащ «Кавказские Минеральные Воды» ООО-м и унафэщI ДзыхьмыщI Заур, методист нэхъыжь Мамхэгъ Астемыр, «Агрохимия» ООО-м и унафэщI Лъакъуэдыгъу Хьэзрит сымэ.

Къумал Заурбэч жиIащ езыр зыщыщ Урыху къуажэмрэ Хьэтуеймрэ зэныбжьэгъугъэ зэхущытыкIэфIхэр яIэу къызэрызэдэгъуэгурыкIуэр икIи абы къыхэкIыуи нобэрей махуэшхуэм езым и дежкIи мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

- И пщIэрэ и щIыхьрэ иIыгъыжу Хьэтуейм къызэринэкIащ илъэси 175 гъуэгуанэр, зэрыгушхуэн цIыхухэри IуэхущIафэхэри и бэу. Жылэм къыдэкIа щIэныгъэлI, IэщIагъэлI цIэрыIуэхэм я лъэужьым ирикIуэн щIэблэ узыншэ абыхэм я ужь итщ. НэхъыжьыфI зиIэм нэхъыщIэфIи иIэщ жаIэ. Нобэрей зэхыхьэ гуапэм нэхъыжь дахэ куэд крихьэлIауэ солъагъури, къуажэм и жьантIэгъадэхэу Тхьэм куэдрэ игъэпсэу, абыхэм я чэнджэщрэ я жыIэрэ тетын щIалэгъуалэ куэд къыфщIэхъуэну си гуапэщ.

Дадэ МуIэед жиIащ Хьэтуей япэу къызэрыкIуар икIи къуажэм и теплъэм, абы и цIыхухэм я зэхэтыкIэр игу зэрыдыхьар, апхуэдэуи игъэщIагъуэу къыхигъэщащ и цIыхугъэ куэдым ар я щIыналъэу къызэрыщыIэкIар.

- Нобэ дэ къызэIутхащ Хэку зауэшхуэм хэтахэмрэ дзэ Iуэху хэхам хэкIуэдахэмрэ я фэеплъхэр, - жиIащ абы. - Лъэхъэнэ щхьэхуэкIэрэ ди къэралым къыхуохуэ апхуэдэ гъуэнэхуныгъэм кIуэцIрыкIын хуейуэ. Иджыпстуи апхуэдэ щытыкIэ дыкъихутащ. Хэку зауэшхуэм хэта ди нэхъыжьыфIхэм я текIуэныгъэм и хъыбархэм щIапIыкIа щIалэгъуалэр нобэ дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI щIыпIэм щыIэщ. Сэ сыщыгъуазэщ фи жылэм щыщхэри абыхэм зэрахэтым, сощIэ хэкIуэдахэри зэрыщыIэр - нобэ къызэIутха фэеплъыр абыхэм я лIыгъэм и щыхьэтщ. ПщIэ яхузощI икIи си щхьэр яхузогъэщхъ япэ махуэхэм щыщIэдзауэ хэкум и хъумакIуэу къэува щIалэ хахуэхэр зыгъэса адэ-анэхэм. Иджыпсту дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI щIыпIэм щыIэ зауэлIхэр мыгувэу я унагъуэхэм къахыхьэжыну икIи узыншэу, насыпыфIэу мамыр гъащIэм хэпсэукIыну Тхьэм жиIэ! Хьэтуейм и махуэшхуэм фи жылэм дэлъ фIыгъуэр дэбэгъуэну си гуапэщ.

КъБР-м и дзэ комиссарым и къуэдзэ **Абузар Михаил** жиIащ и къуэпсхэр къыщежьэ жылэ дахэм и махуэшхуэм хэтыну къызэрыхуихуар зэригуапэр икIи къуажэри абы и цIыхухэри ефIакIуэу, ехъулIэныгъэхэри яIэу псэуну ехъуэхъуащ. Абы къыхигъэщащ хьэтуей щIалэхэр я къалэныр нэсу ягъэзащIэу дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI щIыпIэм зэрыщыIэр икIи Тхьэм жиIэмэ, узыншэу къагъэзэжыну зэрыпэплъэр, зи гъащIэр абы щызытахэм я цIэхэр уахътыншэу тхыдэм къызэрыхэнар. Абы фIыщIэ яхуищIащ дзэ Iуэху хэхам хэкIуэдахэм я Фэеплъ аллеер къызэзыгъэпэщахэм, апхуэдэуи а Iуэхум зи мылъку хэзылъхьахэу Мэремкъул Умарбийрэ Лъакъуэдыгъу Хьэзритрэ республикэм и дзэ комиссариатым къыбгъэдэкI фIыщIэ тхылъхэр яритащ.

- Нобэрей фи махуэм сыкъызэрырихьэлIам сыщогуфIыкI, - жиIащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэкупсэ гъэсэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэ политикэмрэ ветеранхэр дэIыгъынымкIэ и комиссэм и унафэщI **Абэнокъуэ Владимир**. - Егъэлеяуэ махуэшхуэ дахэ, Iуэхугъуэ куэд къызэщIиубыдэу къызэвгъэпэщащ. Мыхьэнэшхуэ иIэщ Хэку зауэшхуэм хэта ди адэхэмрэ адэшхуэхэмрэ зэрахьа лIыгъэм хуэфэщэн пщIэ хуэфщIу, нобэ дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI щIыпIэм къэрал къалэн щезыхьэкI щIалэхэм я хахуагъэр вгъэлъапIэу махуэщIыр къызэрызэIуфхам. «Ди къэралым и къэкIуэнур зыхуэдэнур дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI щIыпIэм щызэхокI», - жиIащ ди Президент Путин Владимир. Дэ шэчи къытетхьэркъым а Iуэхур ди текIуэныгъэкIэ зэриухынум. Сэ фи къуажэм нэхъапэкIи сыщыIащ, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэу Бетрожь СулътIанрэ Нало МутIэрэ сахуэзат, ятеухуа фильми тесхауэ щытащ. Абыхэм яхэлъ лIыгъэмрэ я псэ быдагъэмрэ сымыгъэщIэгъуэн слъэкIыртэкъым. Апхуэдэ цIыхухэр къызыдэкIа къуажэм щыщ щIалэхэу дзэ Iуэху хэхам щыIэхэр, Урысейм и адрей лъэпкъхэми къахэкIахэм я гъусэу, я зауэ къалэным зэрыпэлъэщынур си фIэщ мэхъу. Ахэр зыгъэса адэанэхэм фIыщIэ фхузощI, ди къэкIуэнум папщIэ зи гъащIэр зытахэм я фэеплъыр ди гум илъынущ, абыхэм я щапхъэм щIалэгъуалэр щIэтIыкIынущ. Зи блэкIар зыщымыгъупщэ, зи нобэр зыгъэлъапIэ, зи къэкIуэнум лъабжьэ быдэ хуэзыухуэ къуажэм и дэтхэнэ махуэри щIэращIэу ирихьэкIыну сыхуохъуахъуэ.

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэ **Едгъул Залинэ** къуажэдэсхэм министр Езауэ Анзор и хъуэхъукIэ захуигъэзащ. Апхуэдэу абы къыхигъэщащ министерствэм къыщыхалъхьэ сыт хуэдэ Iуэхуми къуажэ еджапIэр жыджэру зэрыхэтыр, унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ ехъулIэныгъэхэр зэриIэр, жылэм къыдэкIа куэдым егъэджэныгъэ IэнатIэм зэфIэкI лъагэхэр зэрыщаIэр. Министерствэм и фIыщIэ тхылъхэмкIэ ягъэпэжащ Дол Хьэсэнбий и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэм и унафэщI Гупсешэ Залинэ, педагог-психолог Нот Ларэ, математикэмкIэ егъэджакIуэ БищIо Фусэ сымэ.

Къуажэ администрацэм и унафэщI **ДзыхьмыщI Анзор** тепсэлъыхьащ жылэм и щыIэкIэ-псэукIэм, абы зригъэхъулIахэмрэ адэкIэ къыпэщылъхэмрэ. Абы и псалъэмакъыр къыщIидзащ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъу илъэсым Хэку зауэшхуэм хэтахэм я фэеплъыр гъэлъэпIэнымрэ дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI щIыпIэм щыIэ щIалэхэр дэIыгъынымкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэмкIэ. ДзыхьмыщIым къызэрыхигъэщамкIэ, а щIыпIэм иджыпсту щыIэщ Хьэтуей къуажэм щыщу дзэм къулыкъу щызыщIэ щIалэ 50-м нэблагъэ. Ахэр дэIыгъыным теухуа Iуэхум къуажэдэсхэр жыджэру хэтщ. Мызэ-мытIэу щIалэхэм хурагъэшащ зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэр, адэкIи зэрыхъукIэ зыщIагъэкъуэну я мурадщ. Дзэ Iуэху хэхам хэкIуэдахэм я фэеплъыр хъумэнымкIэ лэжьыгъэ пыухыкIахэр ирагъэкIуэкI.

- Хьэтуейдэсхэр лэжьыгъэм имыгъэщхьэх, къапэщыт къалэнхэр нэсу зэфIэзыгъэкIыф, ехъулIэныгъэхэр зыIэрызыгъэхьэф цIыхухэщ. Абы и щыхьэтщ къуажэдэсхэм яIэ псэукIэр. Нобэ Хьэтуейр зызыужьа къуажэ дахэщ, Лэскэн районым и жылагъуэ, щэнхабзэ, экономикэ гъащIэм хуэфэщэн увыпIэ щиIыгъыу, - жиIащ ДзыхьмыщI Анзор. - Иужьрей илъэсхэм къуажэм и IуэхущIапIэ куэд къэдгъэщIэрэщIэжащ, жылагъуэ щIыпIэхэр зэIузэпэщ тщIащ. IэнатIэ зэхуэмыдэхэм щекIуэкI лэжьыгъэр районми республикэми къыщалъытащ, хуэфэщэн гулъыти къыхуащIащ.

Я мурадхэм я гугъу щищIым, ДзыхьмыщIым къыхигъэщащ «Къуажэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьын» къэрал программэм хыхьэу футбол щыджэгун губгъуэ, узыншагъэр щрагъэфIакIуэ комплекс, джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэм хуэщIа щIыпIэ, парк зэраухуэнур, къуажэ музейм къызэрыпащIыхьынур, ар зыхуэныкъуэ IэмэпсымэхэмкIэ къызэрызэрагъэпэщынур, курыт школымрэ сабий гъэсапIэхэмрэ зэгъэпэщыжыныгъэхэр зэрыщрагъэкIуэкIынур. КъищынэмыщIауэ, къуажэ дыхьэпIэм и деж езым я къарукIэ щаухуэнущ аркэрэ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм папщIэ ЩIыхьым и республикэ аллеерэ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым иужьрей илъэсхэм зыужьыныгъэшхуэхэр щокIуэкI, - жиIащ къуажэ унафэщIым. - ЗэхъуэкIыныгъэфIхэр игъуэтащ Лэскэн районми. Дэри дыхуейщ зэманым дыдэбакъуэу адэкIи зыдужьыну. Мурадхэр ди куэдщ, къаруи диIэщ, мылъкуи къытхуэгъуэтынущ, нэхъыщхьэращи, дэ дыхуейщ ди жылэр дахэу, ефIакIуэу тлъагъуну. Къуажэдэсхэм къабгъэдэкIыу фIыщIэ хузощI Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ди жэрдэмхэр къызэрыдиIыгъым, къытпэщылъ къалэнхэр гъэзэщIэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу къызэрытхуэхъум папщIэ. Апхуэдэуи псалъэ гуапэкIэ къыхэзгъэщыну сыхуейт сыт хуэдэ Iуэхуми дытригъэгушхуэу къыткъуэт, Лэскэн район администрацэм и унафэщI Инжыжокъуэ Сэфарбий. Дэ дрогушхуэ Хьэтуейм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм, ауэ жылэм и фIыгъуэ нэхъыщхьэр фэращ, си къуажэгъу лъапIэхэ. Фи гур зэIухауэ сыт хуэдэ Iуэхури къыздэфIыгъыу, дэIэпыкъуэгъу фыкъысхуэхъуу дызэрызэдэлажьэрщ нобэрей ди ехъулIэныгъэхэр къытхуэзыхьар. Хьэтуейм гъуэгуанэ купщIафIэ къызэринэкIащ, абы и пщIэмрэ и щIыхьымрэ къыхуэзылэжьари ноби ар зэлъытыжари абы и цIыхухэрщ. Дэ дрогушхуэ политикэм, жылагъуэ гъащIэм, щIэныгъэм, егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэн IэнатIэм, мэкъумэш хозяйствэм, щэнхабзэм, спортым, нэгъуэщI унэтIыныгъэхэми республикэми къэралми зи цIэр щызыгъэIуа ди къуажэгъухэм. Абыхэм ящыщщ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Тэрчокъуэ Къамболэт, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и ухуакIуэ ДзыхьмыщI Мутрал, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Щхьэгуэш Адэлбий, ди тхакIуэ цIэрыIуэхэу Налохэ Заурэ Ахьмэдхъанрэ, нэгъуэщI куэди. Мыбдежым я цIэхэр къыщисIуэну сыхуейт къуажэм зыхуэдгъэувыж къалэнхэр гъэзэщIэнымкIэ зи къаруи зи мылъкуи щымысхьу зыкъытщIэзыгъакъуэ щIалэхэм я цIэхэр. Ахэр хьэрычэтыщIэхэу Таз Руслан, Лъакъуэдыгъу Хьэзрит, ДзыхьмыщIхэ Зауррэ Артуррэ, Мэремкъул Умарбий, КъуийцIыкIу Тимур, БищIо Анзор сымэ, нэгъуэщIхэри. Къуажэр ефIэкIуэнымкIэ, зиужьынымкIэ лэжьыгъэшхуэ езыгъэкIуэкIахэм ящыщщ Истэпан Мухьэмэд, Тэрчокъуэ Валерэ, Жылэ Рустам сымэ. Нобэ ахэр къытхэтыжкъым, ауэ къыщалъхуа къуажэм и хэкупсэ нэсхэу зэрыщытар тщыгъупщакъым. Илъэси 175-р къуажэм дежкIэ къаруилъыгъуэ ныбжьщ. Дэ ди къалэныр ди нэхъыжьхэм яухуар тхъумэным и закъуэкъым, атIэ абы икIи къыхэдгъэхъуэн хуейщ. Нэхъыжьхэм псэукIэ тынш яIэнымкIэ, щIалэгъуалэр къуажэм щыпсэуным дедгъэхьэхынымкIэ тхуэзэфIэкI къэдгъэнэнукъым. Абы папщIэ ди лъэр щIэзыгъэкIын, ди гуащIэм къыхэзыгъэхъуэн псори диIэщ: ди тхыдэ къулейр, ди лъахэм худиIэ лъагъуныгъэр, къэрал, щIыналъэ властхэм я дэIэпыкъуныгъэр. Нобэрей махуэшхуэр фIэщхъуныгъэ тхэлъу ипэкIэ дызыгъэбэкъуэн щхьэусыгъуэ хъарзынэщ. Апхуэдэ махуэщI куэд Хьэтуей къуажэм и нэгу щIэкIыу, мамырыгъэ диIэу, дэтхэнэ зы унагъуэми и жьэгур фIыгъуэтIысыпIэу Тхьэм дигъэпсэу!

Жылэм щыщ нэхъыжьыфI **ХьэщIэлI Харитон** къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ къуажэм и тхыдэр, ар зейуэ щыта генерал-майор Анзор Хьэту и зэфIэкIымрэ и лIыгъэмрэ. Абы къыхигъэщащ нэхъыжьхэм зэрахьа хабзэм къыпызыщэфын, ар зыхъумэфын щIэблэ куэд къыщIэхъуэу Хьэтуейр щыIэныр къуажэм хуиIэ хъуэпсапIэу зэрыщытыр.

Хьэтуейр илъэси 175-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ, къуажэ администрацэм и унафэщI ДзыхьмыщI Анзор и жэрдэмкIэ жылэм теухуа усэ нэхъыфI тхыным хуэгъэпса, «Си къуажэ» зыфIаща зэпеуэр ирагъэкIуэкIащ. А махуэм а зэхьэзэхуэм щытекIуахэри абы хэтахэри утыку кърашэри ягъэлъэпIащ, фIыщIэ тхылъхэмрэ саугъэтхэмкIэ ягъэпэжащ. КъищынэмыщIауэ, я усэхэр зэрыт тхылъ щхьэхуи къыхудагъэкIыжащ.

Иджыри зы Iуэхугъуэ гуапэ зэфIагъэкIащ а махуэм. «Хьэтуей къуажэм щIыхь зиIэ и цIыху» цIэ лъапIэр зыфIащахэр наIуэ къащIащ. А щIыхьыр хуагъэфэщащ СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, къэралым щэнейрэ и чемпион, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Къуэдзокъуэ Анатолэ, генерал-майор Бетрожь Сослъэнбэч, СССР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ Къаншыкъуей Риммэ, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор БищIо Борис, къуажэм щызэхэта колхозым къулыкъу зэхуэмыдэхэр щызэрихьэу лэжьыгъэм илъэс 50-кIэ пэрыта Мэкъей Риммэ, методист нэхъыжь Мамхэгъ Астемыр, Хьэтуей къуажэм щIыпIэ самоуправленэмкIэ и советым и депутат, хьэрычэтыщIэ Мэремкъул Умарбий, «Агрохимия» ООО-м и унафэщI Лъакъуэдыгъу Хьэзрит, «Кавказские Минеральные Воды» ООО-м и унафэщI ДзыхьмыщI Заур, къуажэм дэт музейм и унафэщI Тэрчокъуэ Заурбий, республикэм и псыщIэгъэлъадэ IэнатIэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа Тохъу Мухьэмэд сымэ. Апхуэдэу къуажэм и нобэрей гъащIэр ефIэкIуэным зи гуащIэ хэзылъхьа цIыхухэр ягъэпэжащ «Хьэтуей къуажэр илъэси 175-рэ ирокъу» медалхэмкIэ.

Жылэм и цIэр фIыкIэ зыгъэIу, абы и зыужьыныгъэм мащIэкъуэдми хэлъхьэныгъэ хуэзыщI дэтхэнэми гулъытэ зэрыхуищIыным сытым дежи хущIокъу къуажэм и унафэщI ДзыхьмыщI Анзор. Махуэшхуэм и утыкум абы щигъэлъэпIащ иджыблагъэ тхэквондомкIэ дунейпсо чемпион хъуа Гупсешэ Албэч. ЩIалэ цIыкIур ягъэпэжащ Хьэтуей къуажэ администрацэм къыбгъэдэкI фIыщIэ тхылърэ ахъшэ саугъэткIэ.

ЩIалэгъуалэр жыджэру хэтащ спорт зэхьэзэхуэхэм, кхъуейплъыжькIэрыщIэм. Зэпеуэм бжьыпэр щызыубыдахэм, къыщыхэжаныкIахэм кубокхэр, щIыхь тхылъхэр, саугъэтхэр иратащ.

Нэгузыужьу, щIэщыгъуэу екIуэкIа махуэшхуэр ягъэдэхащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Хьэрэдурэ Динэ, Ингуш Республикэм щIыхь зиIэ и артисткэ Базоркинэ Бэллэ, уэрэджыIакIуэхэу Жылэ Анзор, Насып Астемыр, Шэрхъ Любовь, пшынауэ Iэззэху ЛIыбекъуэ Сэрэждин, Жыгун Эдуард, «Хьэтуей» къэфакIуэ ансамблым, къуажэм дэт сабий садым и гъэсэн цIыкIухэм. Пшыхьыр зэхуэщIыжащ хьэрэкIытIэ зэмыфэгъухэм уафэм къыщызэщIагъэнэхуа теплъэгъуэ дахэмкIэ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Унафэщl-редактор ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:
Жылаcэ Заурбэч (*редактор нэхъыщхьэ*), Ширдий Маринэ (*унафэщl-редактор*), Къаншокъуэ Элэ (*жэуап зыхь секретарь*), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщlэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщl-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭР: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 40-15-31; хъыбарыщlэхэмрэ спортымкlэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ Iэнатlэхэм ядэлэжьэнымкlэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ Iуэхущlапlэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щlэту.
Къыдэзыгъэкlыхэмрэ редакцэмрэ я хэщlапlэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5
Индексыр П 5894
Тиражыр 1.293
Заказыр №2.375
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаlэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкlэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м и федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Джатокъуэ Залинэ, *корректорхэу* Щоджэн Заирэ *(2, 3-нэ нап.)*, Щоджэн Иннэ *(1, 4-нэ нап.)*.
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящlащ Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.
Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, Ессентыку къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокl.